ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ХЕЛЬ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№125 (21.033) ● 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 30, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Архив къулыкъур ильэс 85-рэ зэрырикъум теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А.Б. архив лэжьакІуэхэм

зэрызахуигъазэр

Архив лэжьакІуэхэу пщІэ зыхуэсщІхэ!
Си гуапэу сынывохъуэхъу фи гуфІэгъуэ махуэмкІэ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм архив къулыкъу къызэрыщыазэрагъэпэщІэ ильэс 85-рэ зэрырикъумкІэ.

Фэ ипэжыпІэкІэ фхуэфащэщ щыху гурыІуэмрэ тхыдэмрэ я хъумакІуэу фыкъызэрагъэпытэр, сыту жыпІэмэ фахуэсакъыу зывохъи ди лъэпкъхэм я блэкІам теухуа дэфтэрхэр. БлэкІа ильэсипщІкъм кьриубыгъэ архив лэжьакІуэхэм я щІэблэ зыбжанэм хэмыкІуэдэжу ахъумащ пщІэшхуэ зиІэ дэфтэру минищэхэр. Жылагъуэм, къэралым, щІэныгъэм, щэнхабзэм я дежкІэ мыкІуэдыжьмкІи мыхьанэ зиІэ, ди къэралыгъуэм и дамыгъэу, республикэм и информацэ ресурсхэм я зы Іыхьэу щыт архив фонд хьэлэмэт зэтеуващ. Нобэ абы хеубыдэ XVIII лІэщІыгъуэм къыщегъажьауэ Къэбэрдей-Балькъэрым ис лъэпкъэм яІа псэукІэмрэ щэнхабзэмрэ къэзыгъэпытагъуэ, ТхыдэМ, унафэщІ, щІэныгъэ-техническэ ІэнатІэхэм ехьэлІа дэфтэру мин 530-рэ, тхыльпэ журналу мин 35-рэ, суратэу мин 50.

Зыхуэбгъэдэн щымыІэ я хъуГэрыбгъэхэр хъума хъуи папщІэ республикэм и архив лэжьакІуэхэм гъэ къэс зыхуей хуагъазэ архив Іуэхуу минищІ бжыгъэхэр икІи дэфтэрхэр махуэ къэс учет ящІ, зэрахьэ. Хэхэуэ гу лъыптэу щымытми, фэ фи лэжьыгъэм и фІыщІкІэ хъума мэхъу щІэблэхэм я зэпыщІэныгъэр.

Архив тхыгъэхэр я лъабжьэу ягъэхьэзырри къыдагъэкІащ цІыхухэр икъуэ зыхуэныкъуэ щІэныгъэ лэжьакІуэ, хуэдизкъэ, хуэдизсвеннэ тхылъ, дэфтэрхэр щызэхуэхьэса тхылъ, справочникыу, брошюрэу щыІэ бжыгъэхэр, кьраздмрэ республикэмрэ я махуэ лъапІэхэм ирихьалІэу дэфтэрхэр куэдрэ ягъэлъэгъуащ. Къэбэрдей-Балькъэрыр езым фІэфІу Урысей къэралыгъуэм зэрыхихьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум зыхуэгъэзэжырым хигьбыдэу Іэжьыгъэшхуэ йокІуэкІ XVI-XX лІщІыбгъуэхэм ехьэлІа дэфтэру федеральнэ, щІэныгъэ, нэгъуэщІ къэрал архивхэм щахъумэхэр науэ къэщІыным, абыхъм копиехэр техьыным хуэунэтІауэ. А лэжьыгъэм и фІыщІкІэ ди лъэпкъхэм я тхыдэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ дэфтэр куэд республикэм и архив фондым халъхьащ.

Парламентым, Правительствэм я щІэкІэ, си щхьэкІэ сэ фІыщІэ фхуэощІ хьэлэту фызэрыплажьэм папщІэ икІи узынщагъэ быдэ фиІэну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балькъэрым и фІыгъуэм папщІэ евгъэкІуэкІ псэемыблэж Іэхуэм ехьэлІаныгъэхэр къыщыфхьыну сынывохъуэхъу.

Гъэхэм добакъуэ

Налшык дэт Концерт гъэлъэгъуапІэм дыгъуасэ щызэхэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Архив Іуэхущапіэр ильэс 85-рэ зэрырикъур щагъэлъапІа зэІущІэ.

ЗЭХЫХЬЭ дахэм хэтащ республикэм и Президентым и Аппаратым, Парламентым, Правительствэм, кьалэ, район администрацэхэм щыщхэр, профсоюз лэжьакІуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, организацэхэм я лІыкІуэхэр.

Ильэс 85-рэ и пэкІэ (1922) Къэбэрдей-Балькъэр Автоном областым и гъэзэщІакІуэ комитетым деж кьыщызэрагъэпэщауэ щыта архив бюром кьикІуэ гугуанэм зэхуэсахэр кІэщІу хигъэгъуэза нэужь, зэІущІэр езыгъэкІуэкІым псалъэ иритащ республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Дыщэкі Мадинэ**. Ар зэхьыкъм хэтахэм кьахуеджащ Президент Къанокъуэ Арсен и къуэхъум.

Апхуэдизу зэІущІэм къыщыпсэльащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Берд Хьэрэталий** республикэм и Президентым и чэнджэщэгъу **Думэн Хьэсэн**, Архив Іуэхущапіэм и унафэщІ **Кьарэ Арсен**, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ министрым и къуэдзэ **Голочалов Сергей**, «Бум-банк» коммерцэ банкым и унафэщым и дэІэпыкъуэгъу **Шэшэн Лидэ** нэгъуэщІхэри.

Архив Іуэхущапіэмрэ абы и къудамэхэмрэ я лэжьакІуэ гупыш гъэм республикэм и Правительствэм, Парламентым, нэгъуэщІ ІэнатІэхэм я щІыхь тхыльхэр ираташ.

Ди республикэм и уэрэджьыкІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ зэІущІэм хэтахэм я нэгу зрагъэужьащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Мэзым пыщІа Іуэхухэм закон льабжьэ егъэгъуэтын

КъБР-м и Парламентым и Президиумыр хэпльащ республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр егъэкІуэкІыныгъэ абы къышыпІэ тыну Іуэхухэмрэ. Зэ1ущІэр ирагъэкІэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

ЗАКОНХЭР кьыдэзыгъэкІ органым и спикер Бечелов Ильяс кьипсэпъам едаІуэри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ Парламентым и зи чэзу зэІущІэр мы гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м зэхуэгъэсымым ящуауэ. Абы Іуэху зэмылІэужьыгъуэу пщІы хуэдизым щытепсэлъыхьынущ. Депутатхэр хэпльэнущ «КъБР-м и закон акт щхьэжуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэжьныгъэхэмрэ хэлъхьэным и Іуэхуки» (ещанэ кьеджэгъуэу); «2007 - 2010 гъэхэм КъБР-м хабзэр кьыщыщэпауэ кьыщыщмыгъэхъуным теухуа профилактикэр республикэ программэ хэхам и Іуэхуки», «КъБР-м щыпсэу цІыху гуп щхьэжуэхэм къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ ятыным и Іуэхуки» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» (етІуанэ кьеджэгъуэу); «2006 гъэм КъБР-м и республикэ бюджетым и Іуэхуки» КъБР-м и Законыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ», «2006 гъэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и Къэбэрдей-Балькъэр щыІэныгъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэ хуиІэ», «КъБР-м и бюджет кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьам къыхэкІыу КъБР-м и закон актхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм (закон актхэм я Іыхьэ щхьэхуэхэм) кьару ямыІэжу къэлъытэным и Іуэ хуки» (зэрэ ящІ, етІуанэ кьеджэгъуэу); «КъБР-м и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуки», «Мэзым пыщІа зэхущытыкІэхэр уб1ыхуным и Іуэхуки», «ЩакІуэ х озыйствэр зехьэным хуэгъэзауэ мэзхэр къэгъэсэбэпыным и Іуэхуки» (яп1э кьеджэгъуэу) законопроектхэм.

Парламентым и зэІущІэм щедзІэунущ «Республикэ программэ хэ хахэр гъэзэщІа зэрыхъум и Іуэхуки» КъБР-м и Правительствэм и информацэм. Апхуэдэу депутатхэр хэпльэнущ нэгъуэщІ Іуэху зыбжанэми.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

●Промышленность

Урысейм щыяпэщ

Прохладнэ къуалэм щыІэ «Налкат» ООО-р нобэ ди республикэм пЫ быдэкІэ щыва промышленнэ предприятэхэм япщащ.

МЫБЫ къыщІигъэкІжэз кІапсэхэм щІэупщІэпхуэ яІэщ: быдащ, улъыйрэкъым, лантІэщ. КІапсэр къызыхащІыкІ гъущІыкІэжьхэр къраш Москва, Ставрополь, Краснодар кьалэхэм. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэр - гъущІыр зэхэгъэткІухьыныр - щрагъэкІуэкІ хьэку абрагъуэм, градус 1200-м нэсу кьэпщытырым, хуэдэ Урысейм иткъым. Мыр къызыхэщІыкІа чырбыш лІэужьыгъуэр Австриемэ кьращащ. Лэжьыгъэм къыщІагъэсэбэп адрей зыхуей-зыхуэфІхэр Италием и «Континус-Проперфи» компаниемкІэ ейц. Зы жэщ-махуэм хуэзэу заводым къыщІегъэкІ кІапсэ тонн 40 - 42-рэ. «Налкат» заводым и унафэщІ Бетыгъэ Казбек зэрыжиІэмкІэ, гъэ кІуам Іуэхущапіэм кабель кІапсэу къыщІигъэкІащ сом мелуан 700 и уасэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.



ПсэупІэхэр яухуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Правительствэмрэ Венгриемрэ щыщ «Генор» компаниемрэ псэупІэ ухуэным теухуауэ иджыблагъэ зэгурыІуэныгъэ зэрращылІащ. Дэфтэрым Іэ традзащ Адыгейм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мытлыжь Аслъэнрэ, «Генорым» и унафэщІ Клеборк Тиодорэ.***

ВЕНГРИЕМ и лІыкІуэу Урысей Федерацэм щыІэ Сюч Пал къызэрихигъэщамкІэ, «Генор» компаниер ильэситі хъуауэ ди къэралым щопІажьэ. Абыхъм ухуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ Чувашым, Тэтэрстаним, Самарэ, Нижегород областхэм. Иджы псэупІэхэр щауэхэм щІадзэнущ Краснодар, Ставрополь крайхэм, Адыгэ Республикэм.

Сюч Пал апхуэдэуи жиІащ ахэр зэпІэзэрыгъныгъэ зэдащІэ щыІапІэхэм фІэкІа зэрыдэмылажьэр, абыхъм я экономикэм халъхьэ инвестицэр мыкІуэду иужькІэ кьыхахьыжьфын папщІэ.

ЗэІущІэм къыщыпсэльа, Адыгейм и Президент Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий кьыхигъэщащ «Генор» компанием республикэм щылэжьнымкІэ къигъэува Іуэхугъуэхэм арэзы зэрытехьуэр.

Кишмарие Мераб и къулыкъущІэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Президент Бзэгъэпщ Сергей иджыблагъэ иригъэкІуэдащ Абхъазым ШынагъуэнигъэмкІэ и Совет тым и зэІущІэ. Абы унафэ къыщащтащ генерал-лейтенант Кишмарие Мераб щыналъэм зыхъумэныгъэмкІэ и министру ягъэувыну.***

ФИГУ къздгъэкІыжьынщи, Абхъазым зыхъумэжьныгъэмкІэ и министру щыта Сосналадзэ СулътІан мазэ и пэкІэ и кьулыкъум текІащ езым и лъэІукІэ, и узынщагъэм къызэримыІЭсэжьэм къыжьІыу.

Абхъазым и министрыщІэ Кишмарие Мераб 1961 гъэм кьалъхуащ, кадровэ офицерщ, Алма-Ата дэт дзэ училищэр къыхуащ, Афганистаным кьулыкъу щищІащ, курыжы-абхъаз зауэм Къуэкіыпіэ фронтым и унафэщІу щытащ, правительствэ дамыгъэ зыбжанэ иІэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.



Къэрал Думэм

УФ-м и Федерацэ Зэхуэсым и палатэр етІуанэ еджагъуэкІэ хэпльащ ильэсищым тещІыхьа и къэрал бюджетым. Ар кьыкІэлъыкІуэ ильэсым зэрыхъуну сом трилліони 6,5-м нкІынурэ 2010 гъэм сом трилліони 10-м щІигъэнущ. Апхуэдизу зи хэхъуэмрэ хэщІэмрэ зэхуэдэ бюджет хэм-хуэмурэ зэтрауухуэнущ. Дыгъуасэ депутатхэр тепсэлъыхьащ проектым хуащІа зэгъэзэхуэжьыныгъэхэу 100-м щІигъэм.

Къэрал Думэм апхуэдэу щедзІэуащ Урысейм къэкІуа, Венесуэлэм и президент Чавес Уго. ХъэщІэр щрагъэбдзэгъащ тІыкъыпІи 100 зиІэ Герб пэшым. Чавес нэхъыбэу зытригъэщІар ди къэралхэр зэдэлэжьэныр, ауэ жиІахэм кьыхэщащ США-м ямыдэн гуэрхэри.

Лъыгъажэ къамыгъэхьун щхьэкІэ

Дыгъуасэ и щІэлджыжьым Осетие Ищхэм щыщ Тамарашвили кьуІри, мимоментыщхэмкІэ суащ Цхинвал къалэм.

ИпэІуэкІэ апхуэдэ дыдэу еуахэщ зы осетин жылагъэ. Зы цІыху уЭгъэ хъуащ. Осетие Ищхэм и унафэщІхэм кьэхъуамкІэ ягъэхъуаншэ куржы лъэныкъуэр. ЩІы-пІэм щыІэ урысей мамыр-щІэкъу кьарухэм яхуэзфІэкІ псори ялэжь лъыгъажэ кьамыгъэхъун папщІэ.

Судыр хопльэ

Дыгъуасэ Москва и Дорогомиловскэ судыр хэпльэн щІидзащ мидицэм и лэжьакІуитІым я Іуэхум.

Ахэр ягъэкъуаншэ фэбжьхэр ирадзэу Зуев Андрей, абы и Іыхьлыхэр зэраубгъэжьамкІэ. ТІури Зуевхэ я унагъуэм кІуащ, Андрей залымыгъэкІэ армэм дашын мурадкІэ. АрщІэхьэІэ щІалэм дзэм ирамыджэну хуитныгъэ иІэт. Милиционер губжьаХэр абы къигъэвыІакъым.

Хьыджэб цІыкІур къалъыхъуэ

Дыгъуасэ испан полицэм щІыхутІ нубыдащ, сабий ядыгъуауэ е зыдыгъуахэм яхэтауэ щэн хуащІри, Зэ1ущІэкІэ кьыгъэратамкІэ, зыр Италиеи, адрейр Португалиеи ящыщу кьалъытащ.

Накьыгъэм и 3 лъандзрэ Европэ псом къыщалъхьыгъ инджылыз хьыджэбз цІыкІу Меккен Мадлен. А махуэм езыхэм зыщагъэпсэуху Прайе-де-Луш португал курортым сабийр жейуэ я пэшым кьыщІанэри, и адъанэр кьыщІэкІаІат. Щагъэзэжам ягъэтыжакъым. Иджыри къэс псоми быдзу я фІэщ мэхъу ар псэууэ. Ильэси 4 зи ныбжь хьыджэбз цІыкІур къалъыхъуэным кьару ин хуэзэщІагъэуІуащ, ар къагъэтыжьным хэлІыфІыхьажэм ахъшэшхуэ иратынущ. Рим и папэ БенедиктЕ ищыкІуэхэм, дуней псом щыщІэрыІуэ футболистхэм сабийр зыдыгъуаэхэм телевиденэмкІэ зыхуагъэзащ ар и адэ-анэм иратыжыну ельэІуу.

Егъэгузавэ

США-м зы щІыдагъэ барелым и уасэр доллар 70-м щыщхьэдэхащ.

А бжьагъэм хуабжьу егъэгузавэ американхэр. Псоми къыщыщІидзар Нью-Йоркщ. Абы къыщыградзахэм къаІэльэгъуащ США-м и гъэсныпхъэ гъэтІылъыгъэхэр нэхъ мащІэ хъуауэ.

Псыдзэхэр, мафІэсхэр

Пакистаным и Турбат къалэмрэ абы и Іэшэльашэхэмрэ псыдзэшхуэ яшІуащ.

ЦІыху 20-м щІигъуэкІуэдащ. Властхэм щІыпІэм щыпсэуэхэр ягъэІэпхъуэ.

Дунейр щыхуабащэ Грецием мафІэсхэр щыетащ. Ахэр гъунэгъу хэхъуакІэщ мэзхэм я гъунэгъу жылагъуэхэм. Афины Евросоюзым льэІукІэ зыхуигъэзащ кьидэІэпыкьуну.

(ИТАР-ТАСС)

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 30, щэбэт

◆ Конгэ Демократ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр хамэ унафэ кьыщыщІэкІа махуэщ (1960).

◆ Мэкъуауэгъуэм и 30 - бадзэуэгъуэм и 1-хэм Волгоград кьалэр къызэрызэрагъэпэщ (1147) ильэс 860-рэ зэрырикъур ягъэлъапІэ.

◆ 1906 гъэм бахъэж, дзэлыкъуэ мэкъумэшыщІэхэм мыарзыкъу зыкъаІэтащ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 27-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 55-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 28-рэ.

Бадзэуэгъуэм и 1, *тхъэмахуэ*

◆ Тенджыз, псыежэх флотым и лъжьакІуэхэм я махуэщ.

◆ Осетие Ищхэр - Алание и махуэщ. Бадзэуэгъуэм и ящэ тхъэмахуэ махуэм я зэлъапІэ.

◆ Канадэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Канадэм и махуэщ. 1867 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м Инджылызым и пащтыхь Викторие Іэ тридзащ «Британие Америкэ Ищхьэрэм теухуа унафэм». Апхуэдэ щыкІэкІэ Канадэр Инджылызым и доминион (империем хьэхуэ кьалъытту, ауэ и жьІэм щІэмыту) хъуащ.

◆ Сомалим и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр хамэ унафэ кьыщыщІэкІа махуэщ (1960).

◆ Китайм и Коммунист партыр кьыщызэрагъэпэща махуэщ (1921).

◆ Бадзэуэгъуэм и 1 - 2-хэм США-м и президенту щыта Буш Джордж-нэхъыжьым и унэ уардэм щызэІущІэнущ УФ-рэ США-мрэ я президентхэу ПутИн Владимиррэ Буш Джордж-нэхъыщІэмрэ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 28-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 55-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 27-рэ.

Бадзэуэгъуэм и 2, *блэщхьэ*

◆ Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ.

◆ 1990 гъэм кьызэІуахащ КПСС-м и XXVIII съездыр.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 28-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 55-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 27-рэ.

ПІалэнэрэ зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Фи зэчыпІэм фІыщІэр зыуи кьыщыхъурыкъым.

Гъэсащэ Наталье и макъ тедъыджэр

Мэкъуауэгъуэм и 27-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм классикэ макъамэр фІыуэ зыгъагъуэхэр щызэхуэсат. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум хуэгъэпса концерт итащ УФ-м и щыхубэ артистка Гъэсащэ Наталье. Абы и Іуэсащ КъБР-м щыхь зиІэ и артист Тэмырканэ Петр зи пашэ «Камератэ» ансамблыр. Уэрэджыкіакіуэм концертыр кьызэІуихащ Шуберт и «Серенадэ»-мкІэ, абы кьыкІэлъыкІуащ оперэ зэхуэмыдэхэм щыщ ариехэр.

ШЭЧЫНШЭУ пэшым щІэсхэр хъэщыкъ ящІат Гъэсащэм и макъ тельыджкэм. Ар нобэ япэу зэжахым хуэдэт концертым кьрихьэпІахэм, я псэр зыхэхуа тхъэжьигъуэр ихуэнкІэ тешыныхьу, мэзэхуэу едаІуэхэр. ГъуазджэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и профессор, уэрэд жьІэныжьмкІэ кафедрэм и унафэщІ, уэрэджьыкІуэхэм я Урысейпсо зэхьэзэкуэм зи щІэр зэрихьэ, нэгъуэщІ куэдми кьыщыхэжаныкІа уэрэджьыкІуэ гъэзэджкэм «вагъуэ уз» жыхуаІэм хуэдэ зэрыпкърымытырщ тІысыжу зигъэпсэхуну и псэ щІемыхуэр. Наталье игъэзэщІа «Утро туманное», «Не уходи», «Ночь светла» - Отцвели хризантемы» романсэр, Темырыкан Борис, Шэрий Иринэ, Жырыкъ Заур, Даур Аслъэн сымэ, нэгъуэщІхэми я уэрэдхэр зэхэпхьыну гухэхъуэр икІи щІэщыгъуэ т.

Къызэхэсахэм я пащхьэм абы къыращащ и гъэсэнхэу Узденов Аслъэнрэ Швед Еленэрэ. Абыхъм я уэрэд жьІэкІэм уи фІэщ ещІ зэман благъэм ди сценэр зыгъэдахэхэм ахэр ящыщ зэрыхьунур.

ЗэІущІэм и кІэм Наталье фІыщІэ яхуищІащ концертыр гъэхьэзыра хъунымкІэ кьыдэІэпыкъуа псоми.

СНЕГИНЭ Адель.

Сурэтыр тезыхар **ЕЛЪКЪАН Артурщ.**

●Дыгъуасэ

Иджы етІуанэу

АДЫГЭ агрохимик-щІэныгъэлІ щІэрыІуэ, егъэджакІуэ, публицист, жылагъуэ лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм и Президентым и чэнджэщэгъу, Кубань къэрал аграрнэ университетым агрономие химиемкІэ и кафедрэм и тхъэмадэ, прунжькмкІэ УФ-м щыІэ Урысейпсо щІэныгъэкъэхутакІуэ институтым и унафэщІым и къудэзэ, я Іуэхущапіэм прунжьр гъэкІыным екъэлІа Іуэхугъуэхэм щелэжь и лабораторэм и унафэщІ Щоджэн Іэсхьэд Хьэзрэт и къуэм Краснодар крайм и Администрацэм и ахъшэ саугъэт кьыхуагъэфэщащ. Доллар 1.000 хъу саугъэтыр кьыпэкІуащ Іэсхьэд и «Агрохимия и физиологическое питание риса» лэжьыгъэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м, Кубаным, Адыгэ Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ Щоджэн Іэсхьэд мыпхуэдэ саугъэт иужьрей ильэситхум кьриубыдэу етІуанэу кьыззэрыратыр.

БЛИЙ Даянэ.

Баськъэр Юрэ дохъуэхъу

Роль игъэзэщІахэмкІэ щыхуэхэм фІыуэ яІэгъуэ, зыпэрыт Іэщагъэм къызэрыхуатхар и утыку итыкІэмкІэ хьэкъ тщыгъыщІа. КъБР-м щыхь зиІэ и артист Балъкъэр Юрэ дохъуэхъу дыгъуасэ и ныбжьыр ильэс 60 зэрырикъуам щхьэхкІэ.

ЮРЭ ЯПЭУ лэжьэн щыщІидза Адыгэ драмэ театрым роль 40-м щІигъу щигъэзэщІащ. ИужькІэ абы Урыс драмэ театрым и унафэщІ къалэныр ильэситхукІэ ирихьэкІащ, иджыпсту а театрым и режиссер нэхъыщІыхьэщ.

Зи кьалэныр хуэІэижь артистым дохъуэхъу охъулІэныгъэмрэ узынщагъэмрэ и кІэдыну, игъэув спектаклхэмкІэ, гъуэзджэу игъэзащІэ ролхэмкІэ дигъэгуфІэну.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.

Балъкъэр Юрэ и интервью фыкьыщыедж ди газетым и кьыдэкІыгъуэ ягунэгъуэм.

Фудболт

Ищхэр-Къэбэрдей (Налшык) - Луч-Энергия (Владивосток) 2:0

Урысей Федерацэм футболымкІэ и Первенствэ

ЕщІыкІутхуанэ джэгуГуэ

«СПАРТАК-НАЛШІЫК» - «Луч-Энергия» (Владивосток)

Налшык. «Спартак» стадион. Мэкъуауэгъуэм и 30-м. ЩыщІидзэнур сыхьэт 21-рщ.

Премьер-лигэм зэт командэхэм я дублерхэм я зэхьэзэхуэм ипкъ итКІэ, дыгъуасэ Нарткъалэ и «Химик» стадиум щекІуэкІа зэІущІэр мыпхуэдэ бжыгъэкІэ ихуащ. «Спартак-Налшыкым» щыщу топитІри дзыгъэкІар Быдэ Исламщ.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ЗэІущІэхэр ■ Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

Испъамым и нур | Щэбэт кьыдэкІыгъуэ | Малъхъэдис

● КЪБР-м и Парламентым

Бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъум топсэлъыхь

Мэкъуауэгъэум и 28-м КЪБР-м и Парламентым и Унэм щекIуокIаш республикэм законэр кьыдэзыгъэкI и органым и зи чэзу зэлуIэ.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс**, абы и кьэ зэдзэуэ **Бозий Натбий, Федченкэ Людмилэ, Берд Хьэзрэталий**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**, Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Парламентым щыIэ **Къуэшырокъуэ Залым** сымэ.

Iэхэугъуэ 20-м щIигъум щыхэплъэну зэкIуэщIм и пэщIэдзэм Бечелов Ильясрэ Ярин Андрейрэ щIыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэмрэ иратыжащ урысейпсо зэпеуэм щытекIуэ ныбжьыщIэхэм.

- Хабзэзбзыкъу Iэнатlэм сэ кьыщыхэслъхьэр» зэпеуэм зи лэжьыгъэр нэхьыфIу кьыщалыткIэу, «Си кьэралыр си Урысейрщ» урысейпсо зэпеуэм и ягъэ (республикэ) Iыхьэм щытекIуэ КъБКъУ-м, КъБКъМА-м, Урысейм и МВД Д-м и университетэу Краснодар дэтым и кьудамэу Налшык щыIэм, КъБКъУ-м экономикэмкIэ и колледжым я студентэхэм, ассирантхэм, 10-нэ, 11-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэм республикэ кьыдэзгъэпэщкIу комитетым игъэхьэзыра щIыхь тхыльхэр, «Кто есть кто» щIэнгъуаззэр иратащ. Апхуэдэу лэжьыгъэхэр игъэхьэзырыныкIэ ныбжьыщIэхэм дэлэпыкъуэгъу яхуэхъуэ КъБКъУ-м и профессор, экономикэ щIэныгъэ хэм я доктор Тату Арсен КъБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхыльыр хуагъэфэщащ.

- Урысейпсо зэхьэзэхуэр ди республикэм кьыщызэгъэпэщыным хэтащ КъБР-м и Парламентыр, - жиIащ зэпеуэм и кьыдэзгъэпэщкIу комитетым и унафэщI Федченкэ Людмилэ. - Абыи «Хабзэзбзыкъу Iэнатlэм сэ кьыщыхэслъхьэр» зэпеуэмэ мыхьэнэшхуэ яIэщ кьэралыкъуэдапIэхэм щылэжьыну щIалэгъуалэр гъэхьэзырыныкIэ. «Си кьэралыр си Урысейрщ» урысейпсо зэпеуэм зи кьыхэжаныкIэхэм иджыри зы Iыхьэ кьапэщылъщ. Иджы Москва игъэхьыну лэжьыгъэхэр зэхэзыщIэнур УФ-м и Къэрал Думэрэщ.

Дауэ мыхьэми, ноби дгъэлъапIэхэр зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэу республикэм иIэхэм ящыщ хъуащ, абыхэм адэкIи заужьыныкIэ Iэнатlэм щыгъэзэдгъэпэщынущ.

ЗэIуIэр зэрекIуэкIынур яубзыхуэ нэужь, Бечелов Ильяс кьыдэхуэсахэр щIигъэгъэзащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу Бесльэней Чэмалрэ Токъу Зоерэ я депутат кьалэныкъэр ящхьэщыхьыным теухуа Iэхъум икIи абыкIэ псори зэрыарэзыр Iэнатlэкъ я кьагъэльэгъэщащ.

КъБР-м и Президентым кьыхихьыхь Iэхъум - Прохладнэ районым и 1-нэ суд участкэм и дунейпсо судыеуэ Кривко Михаил Гъэувыным - теухуауэ кьэпсэльащ КъБР-м и Суд Нэхьащхьэм и Iэтащхьэ Мер Юрэ. Абы зэрыхущытыр Iэ1этkIэ кьагъэльэгъуащ депутатхэм.

Кьэзэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ щIэуэ кьыдэгъэзэгъэщыжьым хэтынуэр убзыхуэным теухуауэ кьэпсэльащ ЗаконодательствэмкIэ, кьэралуэ хуэуныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправлензм и IэхэугъэмкIэ комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан.** Хэхакlуэ комиссэм хэтыну Парламентым кьыгъэльагъуэхэм я цIэхэр кьыриIуащ кьэпсэльэм. Аизр Аласов Юсуп, Дзэшъ Вячеслав, Мэшыкьыжь Жаннэ, Нестеренкэ Сергей, Соб1ыр Руслан, Тем1ушъ Артур, Шъджыкьэщ1э Юрэ сымэщ. А кандидатурэхэмкIэ псори арэзы дахьауащ.

Махуэ зыбжанэ и пэкIэ КъБР-м и Президентым кьигъэльэгъуа цIыхухьлIымрэ Парламентым хихьи хуэй цIыхуиблымрэ наIуэ щIыхьуакIэ, иджыри лэжьакIуэхэм я кьалэхэр бадзэуэгъэуэм и 7-м зэрауэжр жиIэри, Бечеловым псалъэ иритащ Хэхакlуэ комиссэм и Iэтащхьэ Зумакулов Борис. Абы жиIащ КъБР-м и Парламентымрэ Хэхакlуэ комиссэмрэ сыт щыгъуи тыншу зэрыязэдзэкIыр, республикэм ифI зыхэлъ Iуэху къэзэ зэрыIэфIакар. Апхуэдэуи дяпэкIи сыт хуэдэ кьалэн игъэзащIэми, республикэм и экономикэ зыужьныныгъэм, щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуакъ мамырыгъэ дэлъыныр теухуауэ Президентымрэ депутатхэмрэ ирагъэкIуэкI Iэхэугъэр зэрадIыгъынур кьыхигъэщащ.

«Кьэзэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм теухуауэ Кьэзэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэныныгъэхэр хэлъхьэныр и Iуэхукъэ» законым и проектыр Iэ1этkIэ даIыгъащ.

«2007 гъэм Кьэзэрдей-Балькъэр Республикэм и бюджетым теухуауэ» Законыр Iыгъэзэщ зэрыхьуэм, абы зэхъуэныныгъэхэр хэлъхьэжьын зэрыхьуэм ирагъэкIуэкI КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Бышэн Азрэт.** Абы кьигъэльэгъуащ 2007 гъэм и илъэс мазищым бюджетыр процент 92-кIэ гъэзэщIа зэрыхьуэр. Апхуэдэуи Iэхъу зэхуэмыдэ къуэ кьыдэзрыкъуэжкIэ кьыхэжкIыу бюджетым теухуа законым щыIэхъуэкIыпхъэхэр кьигъэльэгъуащ.

ЕгъэджэнкIыгъэм, псэупIэ-коммуналнэ Iэхэугъэбзэхэм, инвестицIэ проектхэм теухуауэ депутатхэм я упщIэхэм жэуап иритащ Бышэнрэ. Апхуэдэуи кьаIэта псалъэмакъхэм теухуауэ иIэ епльыкIэр кьигъэльэгъуащ Ярин Андрей.

Абыхэм кьадэкIуэу КъБР-м и закон зыбжанэм зэхъуэныныгъэхэр хэлъхьэным теухуа законопроектхэм хэплащ депутатхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Мэкъуауэгъэум и 28-м КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэлуIэ екIуэкIащ. Республикэм и гъэзэщIакIуэ власть нэхъыщхьэм хэтхэм ямышI, зэхуэсым кьырихьэлIащ УФ-м и Президентым и полномочие лIыкIуэу Урысей Ишъом щыIэм и Аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Меркулов Александр, КъБР-м и Конституцэ Судым и Тхьэмадэ Геляхов Абдуллэхь, республикэм и Президентым и чэнджэщгъэкIуэу Думэр Хьэсанэр Iэмирзэ, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Кьэжэр Альберт, ирагъэщIэхэри. ЗэIуIэр иригъэкIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей.

IУЭХУГЪУЭ 20-м нэблагъэ щыIэпкIрахащ зэхуэсым. КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кьуэдзэ, КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и унафэщI **Кьанокъуэ Сультlан** зэIуIэм кьрихьэлIахэр щыгъуазэ ищIащ КъБР-м и Правительствэр бадзэуэгъуэ - фокIадэ мазэхэм зэрыIэжьэныланым. Абы зэрыжиIамкIэ, а лъэхъэнэм екIуэкIыну Iэхэугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ республикэм кьыпэщылъ махуэщхуэр - КъБР-р Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрыхьэр гъэлъэпIэныр - зыхуэй хуэзэу, Iэтауэ егъэкIуэкIынымкIэ. ЗэфIэхыкIи хуей Iэхэугъуэхэр мазэ кьэс тегушыуэ, зэпкърыхауэ кьыщыгъэльэгъуащ Правительствэр зэрылажьэну планым. ЗэIуIэм хэтахэм абы щыгъуазэ защIэр икIи зэхьэзыныныгъэ гъэрхэр хальхьэри кьащтащ.

Кьэралым щыщыIэ демографиемкIэ щытыкIэм ди республикэми увыпIэ хэха зэрыщыубыдымрэ ар егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iэхэугъуэхэр щыгъэпкрыха законопроектымрэ Правительствэм хэтэхэр япэу зытепсэлъыхьахэм ящыпсэу. Абы теухуауэ зэIуIэм докIадыщищIащ КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкIэ жьакIуэ нэхъыфIэм. Абы къыкIэлъыкIуэу жылагъуэ щынагъуэншагъэмкIэ милицием и унафэщI Тхьэгъэзэит Хьэтыз иритащ УФ-м кьэралкIуэщI IэхэугъэмкIэ и министр, арэзи и генерал Нургалиев Рашид и Унафэкъ кьыхуагъэфэща «За доблесть в службе» медалыр.

ЗэIуIэр зытеуха Iэхъум нэсри, Томчак Юрий жиIащ щIэпхъаджагъэхэр сэтей къэщIыныныр» аизр зэхэгъэкIыжмкIэ Iэужьигъэр тэмэму кьызэгъэпэщын зэрыкуейр икIи кьыхигъэщащ абы кьрикIуэхэмкIэ ОВД-м и унафэщIхэм жэуап зэрахьыр.

ЗыгъэпIейтей Iэхэугъуэхэм ящыщу кьагъэльэгъуащ уэрамым щалэжь щIэпхъаджагъэр, апхуэдэуи жылагъуэ хабзэр дзыгъынымкIэ иратегъэкIуэкI лэжьыгъэм арэзы укьыгъэримыщIыр.

- Кьэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрыкIуэр гъэлъэпIэным, Федральнэ Зэхуэсым и хэхыныгъэхэм, мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI Iэхэугъуэхэм щIыхухэм я шынагъэншагъэр кьыщыдзэгъэпэщыным, закономрэ хабзэмрэ щыдэкIыгъынымэ Iамадэу щыIэ псори хуэзщIэгъэзэгъэн хуейщ, - кьигъэльэгъуащ Томчак Юрий. - Дэ кьэдгъэзыгъэ хьунукъым щIэрыIуэ хьуэу хуежьа Кьэбэрдей-Балькъэрым и курортхэр, ноби Кавказ Минеральнэ Водэхэм, Краснодар крайм и тенджыз Iуфэхэм щыIэ зыгъэпсэхупIэ нэхьыфIэм палытхэм, хабзэр тэмэму кьызэрыгъэзмыгъэпэщам кьыхэкIыу щIыхуэхэр кьыдахьэныныр ехуэхьныр.

Зытепсэлъыхьа Iэхэугъуэхэм теухуа унафэхэр кьащтащ.

КIАСЭ Мариндж.

● КъБР-м и Правительствэм

Iуэхугъуэ 20-м нэсым хоплъэ

и министрым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Токъубей Мурат**.

- Иужьрей мазэхэм ди республикэм кьыщалъхуу сабийхэм я бжьыгъэм хэхъуэрэ ехуэ я бжьыгъэм хэхъуэрэ щIэныгъэ, демографиемкIэ щытыкIэм дызыгъэпIейтей куэд идкыри хэтщ. Iэпхъэшапхъуэхэм я Iуэжьри кьэпльыгъэмэ, иужьрей лъхъэнэм республикэм щIыхуу щыпсэури минэ 10-м щигъуэкIэ нэхь мащIэ хъуащ, - жиIащ Токъубейр. - Абы кьыдэкIуэу ди жагъуэ хэр нэгъуэщIи хэлъщ Iуэхум. Сабий кьалъхуа-гъащIэхэм ящыщу дунейм ехыжхэм я бжьыгъэ кьэпльыгъэмэ, абыкIэ зи Iуэху нэхъ мащIэ хэгъэхьэныр, бын куэд зиIэ унагъуэхэм ящIэпыкъуныр, жылагъуэм унагъуэм щIэ мыхьэнэр нэхъ лъагэ щIыныр, цIыхухэм я узынщагъэр егъэфIэкIуэныр, нэгъуэщIхэри.

Iэщ1агъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэм студентхэр мы гъэм кьыззращIэну щIыкIэм теухуат КъБР-м и Гъэдэжьныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэлэхъуэ Сафарбий** и къэпсэльэныгъэр. Абы зэрыжиIамкIэ, мы гъэм ди курыт школхэм кьыщIэкIащ ныбжьыщIэ 10298-рэ, 9-нэ классыр кьаухуа еджакIуэ 1890-м. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри хуитщ зыхуей еджапIэхэм я щIэныгъэм щыхэгъэхъуэну, Iэщ1агъэ щызрагъэгъэтыну, абыхэм зэрыщIэтIысхъэ хабзэхэм тету. КIынэмыщIауэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэ нэхьыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм льготэ щIэхьэуэхэр яIэу щIэтIысхьэфынущ ныбжьыщIи 100-м щигъу.

Утыку кьрахьа Iуэхугъуэхэм ящыщ зыбжанэм идкыри зэ хэплъажьи хуейуэ жаIащ Iуэхугъуэхэм. Яри Андрей кьызэрыхигъэщамкIэ, нэмытхъса є и кIэм нэс зэмылэжьа проектхэр мыпхуэдэ зэхуэсхэм кьыщыбгъэльэгъуэныр Iуэхум кьезэгъаркъым. Апхуэдэу кьалъытэ Iуэхугъуэхэм щыхэплъэжьнущ Правительствэм и зи чэзу зэIуIэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Гу зылъытапхъэ

Дуцейм и щытыкIэшхэр

МэкIуауэгъуэм щыIа уэшхэр дызыхуейуэ щытапэ, абыхэм ящIэта жьапщэм хэщIыныгъэ кьахьащ. Языныкъуэ щIыпIэхэм кьыщепща жьыхэм зы секундым метр 25-рэ я псынщIагъэт. Мазэм кьурыбыдэу ди щIыпIэм и нэхъыщхьэм псыIагъэу миллиметр 85-95-рэ кьыщыхьащ. Ар мардэм нос. Тэрч Бахьсэн районхэм уэшхыр пэгункIэ кьракIыуэм ещхьу кьыщещхащ. Абыхэм кьыщеха псыIагъэр мазэрэ ныкъуэм, мазитIым тещIыха мардэм ноблагъэ. НэгъуэщI мазитIым, зы метр зэбгъузэнатIэ кьэс псыуэ литри 130 - 170-рэ ягъэтащ. Апхуэдэ уэшххэр гъавэ Iухьжьыгъэм дежкIэ фIыкъым.

Иныгъ хуейагъэ и пIалъэхэр ящIэ мэкъуауэгъуэр накьыгъэ мазэм нэхъыр нэхъ зэпIэзэрыту щытащ. Тафэтес щIыпIэхэм хуабэр градус 33-35-м щынэсащ, адрейхэм нэхъ щIыпIэтIыгъ щытащ. Ику иту мазэм хуабэр градус 20,5 - 21,5-рэ щыхъуащ. Ар мардэм хуэдиз мэхъу.

Мэкъуауэгъуэр республикэм и щIынаIыхьэм щынэхъ уэлбанэрилэ мазэу кьалъытэу кьеIуэкIмэ, нэхъ хуабэгъуэ дыдэр бадзэуэгъуэм хуэзэнчущ. 2000 гъэм и бадзэуэгъуэр адрейхэм нэхъыр нэхъ хуабэу щытащ. Нэхъапэм зэи щымыIауэ ар ди щIыпIэм градус 42-рэ щыхьэт, жьакIэм хуэмызэ щIы щхьэфэхэр градус 65-70-м нэскIэ кьэпэплъат. Нэхъ щIыпIэтIыгъэ щыщытар 1992 гъэрщ. Абы щыгъуэ пщыдджыкьхэм хуабэр градуси 8 - 10-м фIэкIырытакъым. Зэпымыуэу уэшх кьызэрешхам и зэранкIэ, 1997 гъэм хьэцэпэщмэ кьэкIыгъэ пасэхэмрэ кьахуехьэлIэжакьым.

Мы гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм пIалъэпIалъэкIэ уэшх кьеIушынущ, абы и япэ Iыхьэр кIIуанэм нэхърэ тIэкIыкIэ нэхъ щIыпIэтIыгъэ щытынущ. Жэщым хуабэр градус 15 - 20, мазэм 27 - 32, ящыныкъуэ мазэхэм 19 - 24, мазэм и кIIуанэ Iыхьэм жэщым хуабэр градус 17 - 21, мазэм 34-36 хъуэу щытынущ.

ОРЛОВЭ Валентинэ, *агрометеоролог.*



Кьэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьлIэу зэфIэкIын хуейуэ Президентым кьигъэува лэжьыгъэхэм ящыщу Налшык кьалэ Ленинымэр Лермонтовымрэ я цIыкIэ щыIэ уэрамхэр щызэхэкI пIанэрэм деж щыт унэщхэр зэгъэпэщыжынщ.

«УхуакIэ» ОАО-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIыгъкIэ унэм идкыерей эмаым екIу теплъэ игъуэтащ; абы и щхьэгубжьэхэм я абджэр щхъуафэ дахэщ, етIуанэ кьатым декIуэкI балконым адрейхэм кьахегъахьэкуI.

Налшык кьалэ налог инспекцэр щылажьэну унэм иращIэжа лэжьыгъэхэр и кIэм иблэгъащ, мы махуэхэм абы сэхэ щратыж.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Щ1э

Щэлгабзэмрэ гъуэзджэмрэ

Шаламов Варлам итхам кьытращIыкI

Бадзэуэгъуэм и 1-м НТВ каналымкIэ щыхуэхэм япэу яльагъфынуэ Шаламов Варлам (1907-1982) и «Последний бой майора Пугачева» повестым кьытращIыкIа, психологиемрэ драмэ жанрым яту гъэпса художественнэ фильмыр. Ар ирагъэхьэлащ тхакIуэр кьызэралъхуэр илъэсэн 100 щрикъум.

ИлЬЭСИП и пэкIэ мыпхуэдэ фIэщыгъэщIэр иIэу кьагъэльэгъуа сериалым епльаэхэр, щэч хэмылъу, егупсысынущ идкыжы щыIэну фильмыр сыту пIэрэ абы кьыззрыщхьэщыкIыр жаIэ у. Абы екъэлауэ и Iуэху епльыкIэр кьегъэльагъуэ Iэжьыгъэм и продюсер Черняев Александр.

- «ТЭФИ»-м и саугъэтыр зых уагъэфэщэнухэм хэдгъэхьэну тетха Iыхьэлlу зэхэт сериалым Iуэхугъуэхэр тIэкIу «щыIэпыIат». Дэ ди я кьыхуикIырт а лэжьыгъэр зэщIэкъуауэ утыку кьитхьэну, ар кьыдэхъулIащ икIи, сэ кьыззрыслъытэмкIэ, фильмыр гъэщIэгъуэм хэ ущ. Хэт лIыхъужьхэр зэ, персонажхэр иэгъуэщI, щIыщыгъуэ джэгуащ.

Тирар Лоран и фильм

Москва кинофестивалым щагъэлъэгъуащ франджы режиссер Тирар Лоран и «Мольер» фильм-фантазиер, драматургым и ерыщыгъуэ теухуар.

РЕЖИССЕР ныбжьыщIэм и Iэдакъэщ1экI апэу ди кьэралым щагъэльагъуэмкIэ зэхубгъэфащэ хьунут абы кьуэдащ щIэуэ театрыр фIыу з ильагъу. Арщхьэкlэ Москва кьэкIуа нужь абы зыкьыгъмысыжащ театрым ар зэрыщыгъэзэщмкIэ, Мольер и пьесэхэм кьытращIыкIа спектаклхэм гуэхэкъуэ кьыззрырамытымкIэ. Мы фильмыр щыпхырыкIа абы «Мурад щIыдар Мольер» теухуауэ Бургуэ ковым итха тхылым еджа нужьщ.

Драматургым цIэрыцIэм и гъащIэм и пэжьпIэу мыбы хэтыр фильмым и пщIэдзэмрэ я кIэхуымрэ кьыщыгъэльэгъуэ Iэхэугъуэхэрщ. Адрейх эр Тирар Лоран кьигупсысащ, пэжьыр жьпIэмэ тIэкIу-тIэкIуурэ Мольер и Iэ дакъэщIэкI пьесэхэм кьыхиха Iэхэугъуэхэу зэхигъэщащ.

Нобэ феплъ

Чайковскэм и цIэр зезыхьэ зэхьэзэхуэр, хабзэ зэрыхъуам те ту, юнцертыщхьэкIэ нобэ зэ хуащIыжынущ.

АР НЫЩХЬЭБЗ сыкъэтIэт 22-рэ дакьикъэ 25-м щIидзэу «Культура» каналым кьигъэльэгъэнущ.

Ныбжьыщ1э 10-м я зэфIэкI

Вишневскэм Галинэ и Оперэ зэрэджьыIэкIэм щыхуагъасэ центрыр мы махуэхэм кьаухащ ныбжьыщIэ 10-м. А центрыр зэрыщIэ нльэситхуэм кьрипубгъэду абы кьыщIигъэжьащ Iэщ1агъэлI хьэзыркI зэхуэдиз хьуну щIалэгъуалэ гуппIалI.

Вишневскэм и Оперэ зэрэджьыIэкIэм щыхуагъасэ центрым мы махуэхэм кьаухащ ныбжьыщIэ 10-м. А центрыр зэрыщIэ нльэситхуэм кьрипубгъэду абы кьыщIигъэжьащ Iэщ1агъэлI хьэзыркI зэхуэдиз хьуну щIалэгъуалэ гуппIалI.

Зыгъэхьэзырыр **ИСТЕПАН Залинэщ.**

Ильэсищ1э иракъу

● Хъуэхъу

Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ1экIэ Iэщ1эзэда Къарурэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балькъэр республикэ советыр Хэку зауэшхуэм хэта Сарбашев Магомед Iэзэт и къуэм ило хьуэхъу абы и юбилей гъэзэдзкIэмкIэ - и ныбжьыкIэ ильэсищ1э зэрыщыгъэмкIэ. Ди гуапэщ а цIыхь хьэлэмэтым узыншагъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ иIэну, и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ хуэзыншIэну.

● Футбол

Зэхьэзэхуэр зэщIоплъэ

«Шинник» (Ярославль) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:2 (0:0, 0:0). Ярославль. «Шинник» стадион. Мэкъуауэгъуэм и 27-м. Щыщу 13 500-рэ епльащ.

Судьяр Сухинэ (Малаховкэ).

«Шинник»: Правкин, Романович (Монарев, 66), Скворцов, Васильев, Костич, Джорджевич, Горин, Шулепнин, Скоков (Славнов, 46), Павленкэ (Кудряшов, 46), Хазов.

«Спартак-Налшык»: Краценкэ, Хъуакlуэ, Кисенков, Бэрэгъун, Шумейко, ДышэкI (Балькъэр, 104), Гергиев, Дзыхымщ1, Дж этокъуэ, Зуденов, Быдэ.

Топхэр дагъэкIащ: Хазов, 93 (1:0), Шумейко, 99 (1:1). Балькъэрым, 119 (1:2).

Дагъуэ ящыхуащащ Быдэм.

МэкIуауэгъэщIуэм и 27-м зэхэтащ Урысей Федерацэм и Кубокыр 2008 гъэм ящыхьныр теухуа зэхьэзэхуэм и финалым и Iыхьэ 16-нэм и зэIуIэгъэр.

Абы ипкIи ниткIэ «Спартак-Налшыкыр» Ярославль щыIущIащ апэ дивизионым щыджэгу «Шинникым». КьыхэдгъэзащIи, командиртIри я тренерхэм джэгуIэ губгъуэм кьрагъэхьа футболистхэр нэхъ лъэрызехьэхэращIи. Уеблэмэ налшыкIэхэм хэгъэрейхэм пагъуэвар дублерхэм я командэрщ икIи зэIуIэм кьрихьэлIакъым «Спартак Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрэ. Ягъ дакъикьхэхэр ярославль дэсхэм жьыджэру ирагъэкIуэкIащ, ауэ бжьыгъэ кьызэIу ахьаIу Iэмал кьахуэкьуэкIакъым.

Апхуэдэ дыдэу екIуэкIащ зэIуIэм и етIуанэ Iыхьэр. Командэхэми я зэхуакъу зэпэщIэтыныгъэшхэу дзэльэуэ пхуэжьIэнутэкъым. ЗэIуIэм хуэхаха зэманыр бжьыгъэ кьызэIуамыхауэ иухащ. Ауэ зэхьэзэхуэхэм я результатхэр щIэм ипкъ иткIэ, текIуар зы зэIуIэгъэ зэхагъэкIын хуейти, дакьикъэ 15 хуэу тайнитI кьыщIатхуащ.

Фэбжь игъуэтам кьыхэжIкIэ зэман кьыхькIэ мыджэгуа «Шинникым» и гъащIэхуэу Хазовым кьыщIэрыхьа тоным Iэзэу еуащ икIи бжьыгъэ кьызэIуихри, хэгъэрейхэр япэ иригъэщащ - 1:0. Арщхьэкlэ, налшыкдэхэм я командэм абы и пIэр щIигъакъым икIи дакьикьэ зыбжанэ дэкIри, Шумейкэ бжьыгъэ зэхуэдэ яIэщIыжащ. ИкIи кьыщIагъуэ зэманым и ягъ Iыхьэр апхуэдэу иухащ. Iэхэур пенальтикIэ зэ кьегъэкIыным хуэжьуэрт, ауэ етIуанэ Iыхьэм зэрыщIидзэжрэ куэд дэмыкIуэу дакьикьэ зыбжанэ и пэкIэ Дышэкlэм и пIэкIэ джэгуIэ губгъуэм кьихьа Балькъэрым «Спартак-Налшыкыр» япэ иригъэщыжащ икIи и командэр зэхъэзэхуэм и финалым и Iыхьэ 16-нэм кьриубыдэу екIуэкIа зэIуIэхэм кьыхэгъэщIыхьэщ маз я пэкIэ, нэкьыгъэм и 27-м, УФ-м и Кубокыр кьэзыхьа Мэкъуэ и «Локомотивыр» Екатеринбург щIэ у щыпIэ «Уральм» ирихьэлIащ. Апхуэдэу премьер-лигэм щыджэгу командэхэм ящыщу зэхьэзэхуэм кьыхэкIащ Мэкъуэ и «Спартакыр», Самарэ и «Крылья Советовым», Владивосток и «Луч-Энергиер». Владивостокэщ зэхьэзэхуэм я команд кубокым щIэбэнэкъм я зэхьэзэхуэм кьыхигъэкIащ Красноярск и «Металлургым» икIи хэгъэрейхэм текIуэныгъэ кьаухуэзыха топ закъуэр зэIуIэм и 41-нэ дакьикьэм дигъэкIащ абы щыджэгу ди дьахэгъу Кьунькь Жордан. ФIы дыдэу зыкьыгъэльэгъуащ Мэшыкьыжь Юрэ.

Иджы щыгъуазэ фIыкъэгъщынщ Кубокыр кьэхьаныр теухуауэ финалым и зи чэзу Iыхьэм щызэхэта зэIуIэхэм кьаринкIэ ахьэ - (Краснодар) - «Зенит» (Санкт-Петербург) - 1:4, «Балтика» (Калининград) - **ЦСКА (Мэскъу)** - 0:1, «Авангард» (Курск) - **«Динамо» (Мэскъу)** - 0:3, «Носта» (Новотроицк) - **«Москва» (Мэскъу)** - 1:1 (пен. 2:4), **«КамАз» (Набережные Челлы)** - «Крылья Советов» (Самарэ) - 1:0, «Металлург-Кузбасс» (Новокузнецк) - **«Кубань» (Краснодар)** - 1:2, «Торпедо» (Мэзкъу) - **«Химки» (Химки)** - 1:2, «Ротор» (Волгоград) - **«Амкар» (Пермь)** - 1:4, **«Металлург» (Красноярск)** - «Луч-Энергия» (Владивосток) - 1:0, «СКА-Энергия» (Хабаровск) - **«Сатурн» (Мэзкъу область)** - 1:2, «Луховицы» (Луховицы) - **«Рубин» (Къазан)** - 1:2, СКА (Дон Iу с Ростов) - **«Ростов» (Дон Iус Ростов)** - 0:3, «Салют-Энергия» (Белгород) - **«Томь» (Томск)** - 0:0 (пен. 2:3).

Бадзэуэгъуэм и 8-м зэхуэзэну командэхэр: **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - «Динамо» (Мэзкъу), «Тэрч» (Грозный) - «Амкар» (Пермь), «Москва» (Мэзкъу) - «КамАз» (Набережные Челны), «Урал» (Екатеринбург) - «Кубань» (Краснодар), «Металлург» (Красноярск) - «Сатурн» (Мэзкъу область), ЦСКА (Мэзкъу) - «Химки» (Химки), «Томь» (Томск) - «Ростов» (Дон Iус Ростов).

ЖЫЛАСЭ Замир.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм и епщыкIутхуанэ зэIуIэу щрэтымрэ тхьэмахуэмрэ екIуэкIынуэр «Гъащ1эм ешха джэгуIуэ» псапащ1э Iуэхуу щытынущ.

Псапэ

Сабийхэр къраг1эл

А МАХУЭХЭМ зэхэтыну джэгуIуэйм - "Локомотив" - "Крылья Советов", "Спартак-Налшык" - "Луч-Энергия", "Сатурн" - "Амкар", "Ростов" - "Спартак" (Мэзкъу), "Рубин" - "Динамо", ЦСКА - "Кубань", "Химки" - "Томь", "Москва" - "Зенит" - зэIуIэ кьэс сом мини 150-рэ кьыхьклIынущ. Ахьшэр хуауIыпIынущ Iэмал имыIэу зи гур опередэу ящIын хуей сабийхэм.

Псапащ1э Iуэхугъуэр я жэрдэмщ Урысей Футбол Зэгухьэныгъэмрэ (РФС) сабий сымаджэ хьэлъэхэр кьегъэлъынын хуэлажь «Гъащ1эм и кьэупс» эзыгаща Урысей псапащ1э программэмрэ. Апхуэдэ щыкIэкIэ кьызэгъэпэщащ Iуэхум я мурадш щыхуэбэ, фыгуболепIэхэм дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ сабийхэр зэрыщыIэм гу лърагъэтэну.

Кьыхэдгъэщынщи, «Гъащ1эм и кьуэпс» псапащ1э программэр 2004 гъэм щыщIэдзауэ кьэралым щолажь, сабийхэм адресэу ядоIэныкъу - операщ1э лъапIэхэр яхурегъэщI, Iэмэпсымэщ1эхэр кьахуеIащ, изгъэщIэкIри. Абы ипкъ иткIэ зэман кIэщым кьриубыдэу сабий 1400-м ядоIэныкъуащ, ахэр гъащIэм кьыхащэжащ. Операщ1 зэхэумыдэхэм, хущхьуэ, зэреIэзэну Iэмэпсымэхэр кьащэхуэн папщIэ доллар мелуани 7,5-м щигъу щыкIуэхэм яхуэзхуихьэсащ.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэр, республикэм и Журналистхэм я союзыр, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцIэхэм я лэжьакIуэхэр **Конаков Хьэсэн Азрэт и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Азрэт Биберт и къуэр** зэрыIам къыжкIыу.

ФIыщIэ псалъэ

2007 гъэм мэкъуауэгъэум и 25 - 26 жэщым кьэхуа щIэщхьэщхьэхэм ди щIалэ Бгъэжьокъуэр Бесльэн Валерий и къуэр зэрыхэкIуэдам кьыхэжIыу кьытхуэгузавэ. Ди гуапэ и щIыхь хьэлэмэтым ренэсу фIыщIэ ин яхуэдощ.

Бгъэжьокъуэхэр я лъэпкъыр, хэкIуэдам и унагъуэр.

Исльэмым и гъуаз

ІЫАТІХЪЭ (УБЛЭПІЭ)

(1) ГуашІэмрэ гущІэгъумрэ зиІэ Алыхым и цІэкІэ. (2) Щытхър зыхъуэфащэр дунейхэр зыухуаУэ (3) гущІэгъур зиІэу (4) Къемэт махуэм и тепщэращ. (5) Уэрэд дызыхуэпщылЫыр, уэращ дэІэпыкъуэгъуу диІэри. (6) Дыгъэ гъуэгу захуэу (7) уи нэфІ зыщыхуахэр зытетым. Пэжыжьэ дыщІи ней зыщыхуахэмрэ гъуэщахэмрэ я гъуэгум.

● Мамырыгъэм и дин

Уэлщ и къуэ Хъалщ къыІуэтэжа хьэдисхэр

Хьэрып лЫы ц эр Тхьэм и нэфІыр зыщыхуа Мухьэмэд Бегьымбарым и деж къакІуэри зыкъомрэ кьыпкърыуІщІыхьащ. Бегьымбарми кьрахьэлІа уІщІэжэм жэуап хьарзынэхэр яритыжащ. Фи пащхьэ нЫдолхьэ а уІщІэхэмрэ жэуапхэмрэ.

Лым:

- Цыхуу псоми сайфэкІыу щІэныгъэ збгъэдэлъыну сыхуеІщ. Ар дауэ ззэгъэхъулІэфынУ?

Бегьымбарым:

- Алыхым фІэлІыкІи, апхуэдэ щІэныгъэр къуитыщ.

Лым:

- Цыхухэм къулеигъэкІэ сайфэкІыну сыхуейщ.

Бегьымбарым:

- Арэзы техъуэ Алыхым кьуитами, цыхухэм къулеигъэкІэ уатекІуэщ.

Лым:

- Цыхухэм я нэхъ пэжу сыхьунуи сыщІохьуэпс.

Бегьымбарым:

- Уи щхьэм фІыу э хуэбгъэфащэр нэгъуэщІхэми кьаІбгъэхъулІэну хуэщІэкъу.

Лым:

- Нэхъ цыхуфІ дыдэ дауэ сызэрыхъунур?

Бегьымбарым:

- Цыхухэм сэбэп уаэзрыхуэхъуным хуэлажьи, псоми фІыуэ укъальэгъунщ.

Лым:

- Алыхым игъэльэпІа цыхухэм ящыщ сыхьуну сыхуейт.

Бегьымбарым:

- Куэдрэ Алыхыр уигу кьэгъэкІ.

Лым:

- Си Іиманыр куу сщІын щхьэкІэ, сыт сщІэн хуейр?

Бегьымбарым:

- Уи хьэл-щэныр зэпымыуу э гъэдахэ.

Лым:

- Хъэ ІуэхущІафэхэр сыт хуэдэ щыкІэкІэ схуэгъэдэхэну?

Бегьымбарым:

- Алыхым хуэпщылІ уемызэщу. Ар уэ умыльэагъуми, Езым укъелъагъу.

Лым:

- Тхьэм сыткІи жыІэщІэ сыхуэхъуну сыхуейт.

Бегьымбарым:

- Уи фарэхэр (нэмэзыр, нэщІыр, сэджыгъыр, хьэжыр) гъэзащІэ.

Лым:

- Къемэт махуэм си напэр хужьу Тхьэм сыкьынгъэхъужьну сыщІохьуэпс.

Бегьымбарым:

- Ар кьыщохьулІэнур зы цІыхуми пхъашэ у ухущІымыгъ мэщ.

Лым:

- Къемэт махуэм деж Алыхым и гущІэгъэм сыщогуГъ.

Бегьымбарым:

- Ялэрауэ, уи щхьэм гущІэгъу хуэщІ. ИтІанэ Алыхым и пщылІ мУслымэнхэми гущІэгъу яхуэщІ.

Лым:

- Си гуэныхьхэр дауэ зэрызгъэмэщІынур?

Бегьымбарым:

- Куэдрэ жыІэ «Іэстагъфируллахь» псальэр.

Лым:

- ЦІыху щыпкъэу, пщІэ зыхуащІу сыхьуну сыхуейт.

Бегьымбарым

- ЦІыхухэм уахуэмытхьэусыхэ.

Лым:

- Алыхым, си ерыскъым берычэт кьыхилхьэн папщІэ, сыт сщІэн хуейр?

Бегьымбарым:

- Андез дапщэщи Іыгъ.

Лым

- Къемэт махуэм Алыхым и губжьыр кьыслъэІесынкІэ сощІэнэ.

Бегьымбарым:

- Си псэущхьи и гуэныхь къуумыхь.

Лым:

- Си тхьэльэпІэр Алыхым кьабылу сихьину сыхуейт.

Бегьымбарым:

- Хьэрэмхэм защыдзей.

Лым:

- Гуэныхьхэмрэ щыуагъэхэмрэ дауэ кьызэрыпхуэ эгъунур?

Бегьымбарым:

- Гуэныхьхэм иринэщхьеиж, псапэ кІэльылэжьыж, зи гуэныхь къэпхьар арэзы зыхуэгъэхъуж. Усымэджэнми гуэныхьыр пщхьэщех.

Лым:

- Сыт Алыхым нэхъ фІэдахэр?

Бегьымбарым:

- ЩэныфІагъэр, нэмысыфагъэр, гуауэ зыщыпыысам деж шыІэрэ бэшэчрэ зыхэлъыр.

Лым:

- Сыт Алыхым нэхъ фІэмыдахэр?

Бегьымбарым:

- Щэныншагъэмрэ нэпсеигъэмрэ.

Лым:

- Мы дунеймкІи ахърэтымкІи Алыхым и губжьыр сыт нэхъыфІу щызыгъэупщІыУр?

Бегьымбарым:

- Щэныншагъэмрэ нэпсеигъэмрэ.

Лым:

- Сыт жыхьэнмэ мафІэр нэхъ зыгъэупщІыУр?

Бегьымбарым:

- Гуауэ ущІэмрэ къулейсызыгъэ ущыхъэхуэмрэ шыІэнгъэ зыхэсбгъэльынырщ.

Мы псальэхэр зыхъуна Іимамым жиІащ: «Мусльымэн хабзэхэр зыхъэхуэ щІыбуЕну, цІыхухэмкІи щхьэпэ защІэ, мы хьэдисхэм хуэдэу гуущІэхэр зэи срихьэлІакъым».

Хьэдисхэр зэхуэзыхьэсжыу зыхьумар Іимам Хьэмбэл и къуэ Ахьмэдщ. «Исльамым и нурым» эгъэгъэхьэн папщІэ, мы тхьэгъэ тхуэзыгъэхъэзырар Къэбэрдей-Балькъэрым и мусльымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.

● Щапхъэфі



Хъуранхэ Музэрэ Жанусэрэ я гъуэщ я къуэ Іэбдулчэрим, абы и пыеэ Іэминэ, и къуэрылъху Къантемыр цІыкІу.

Мадкэ хъуажэм фІыуэ къыщацІыху Хъуранхэ Музэрэ Жанусэрэ я унагъуэр. КъызэрыщацІыхур фІы и лъэныкъуэкІэщ, унагъуэшхуэм ис дэтхэнэми Іиман, нэмыс, цІыхугъэ зэрыхэлъырщ. Абы и щапхъэр гъунэжщ.

ЗЭГУЭРЫМ Музэ и къуиплЫр (Іэбдулчэрим, Мусэ, Хьисэ, Хьалий сымэ) зыбгъэдигъэтІысхьэри, мыпхуэдэу жяріІащ:

- Тхьэм и фІыщІэкІэ мусльымэныгъэр хуит къэхуэжащ. ЩІыпІэ-щІыпІэкІэ къыщыдэІуэу мэжджытхэр, мыдрисхэр. Ди къарур зэхэдгъалъэхьи, хьэблэм мэжджыт щыдвгъащІ.

Апхуэдэ жэрдэмэр я гуапэу къыдаІыгъащ и бынхэм. Замыгъэгувэуи ухуэныгъэр кърагъэжьащ. Пэжщ, къуажэдэсхэм ящыщ зыбжани хэлЫфІыхьащ мы Іуэхум. «Дэри псапэ дыхуейщ» - жаІоурэ. Зэман кІэщІым къырибудэу мэжджытыр хъэзыр хъури, лажьэу щІидащ.

Дунейм и щытыкІэм емылъытауэ, нэмэз щІыгъуэхэм деж Тхьэм и унэм къокІуалІэ Музэрэ абы и хьэблэгъу нэхъыжьхьІуэхэмрэ. Абыхэм къахохьэ Іэбдулчэрим, Мусэ (мэрем махуэхэм), адрей щынэхъыщІэхэри, гъуэгуры-кІуэхэм ящыщ гуэрхэри (мэжджытым пэгъуэнэгъуэ щащІа автомобиль гъэувыпІэм щыболъагъу хьэлъэзешэхэри автомобиль псынщІэхэри). Зы унагъуэшхуэм щыщхэм хуэдэу зэгурыІуэу, зэщыгуфІыкІыу мэжджытым щызэхуэсхэм нэмэзхэр зэдащІ, мамырыгъэкІэ, бэвырЫкІэ, насып куэдкІэ мы щІынальтъм исхэм яхуэхъуахъуэрэ.

Ящыщ я нЫбжьыр илъэс пщІей ирикъуащ. Тхьэмадэ бынфІэр жанщ, нэжэгужэщ, зэрыжаІащи, жыщІэмахуэщ. Апхуэдэщ Жануси, Зэщхьэгъуэсэхэр ину щогуфІыкІ Іэбдлэ́ІІ зэраІэм, нЫбжьыщІэхэр мусльымэн хабзэхэм хъарзынэу зэрыщІапыкІыфым (псом хуэмыдэу зэфІэкІ иІэщ Іэбдулчэрим и къуэ Іэуес, медицинэ, факультетым щІэсым, КъурІэн лъапІэр егуГуу зыджьм).

● Мусльымэн хабзэхэр

КъурІэнаджэр

Ди щыпІэм щыхабзэщ дунеим ехьжам къурІэнаджэ хущІу. Ауэ ар зымыдахэри щыІэщ. Сыт Іуэхум и пэжыпІэр?

ХЬЭПЭ Лолэ. *Напшык къалэ.*

УлщІам и жэуапыр кьыщыдгъуэтащ Алыхыр арэзы зыхуэхъун Къармэр Рафикъ и тхыльым, «Диным теухуа упщІэхэмрэ жэуапхэмрэ» зи фІэщыгъэм. Мис ар:

КъурІэным лъэныкъуэ куэд иІэщ. Псальэм папщІэ, ар шэрихьэт (дин хабзэ), духьэ, зэчыр (Тхьэм и цІэр къызыІуэ тхьапщ. Абы щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэри цІыху цІыкІум и псэр зыхуэныкъуэ Іуэхутъуэ Іэджи къызэщІеубыдэ. КъурІэныр зихуэдэ щІымІэ, Алыхыр тэхъэлам и псальэхэр щызэхуэхьэса тхьилъ Іущщ икІи лъапІэщ. Іуэгъэным ди гъащІэр тхуэзэрегъэзахуэ. Тхьэм дызэрыхущытыпхьэхэр, дунейм щыдлэжьыпхъэ, ахэр зэрыщІэжьыпхъэ щыкІэхэр къыдегъащІэ.

КІэщІу жыІэпмэ, КъурІэныр Алыхъу тэхъэлам и цІэ зэрипІуэгъэ, фІыщІэ зэрыуэпщІын, узэрельэІун, абы цІыхухэр кьыззэрыуебджэн тхьилъ телъыджэщ.

КъурІэным и фІыгъуэр здынэсыр дунеягъэм и хуэфащ. Іиман зиІэхэм абы мы гъащІэми ахъэртми ехъулІэныгъэ, фІыгъуэ Іэджи къащыхуехь. Аращи, къурІэнаджэр псапэ зыпылпъ ІуэхуфІщ. Сыт хуэдэ сурэхэра нэхъ узэджапхъэр? Тхьэм и нэфІыр зыщыхуэ бегьымбар лъапІэм и псальэщ мыхэр: «И анэ-адэ е абыхэм языхэзым жумхьэ (мэрем) махуэм кхъэм кІуэуэ абдежым «Ясин» сурэр хэт кьыщыжьми, Алыхьу тэхъэлам а мащэр зейм и гуэныхьыр хуегъэзыу... «Ясиныр» Іэнэм игуц... «Ясиныр» фи лІаХэм кьахуэзбжь»

Дунейм ехьжам КъурІэн ухуеджэрэ духьэ пщІыкъэ, Іуэхуфі блэхуэуэ ябж диныкІэ щІэныгъэ зиІэхэм. Щхьабзэхэми зэращІу щытар апхуэдэзущ. Духьэ щыпщІыкІи я щІэ къыпІуапхъэщ ди бегьымбар лъапІэми, нэхъапэхэм псэуа бегьымбархэми, щэхьабзэхэми, «Іэулиа» жьыхэтІІ щІыхуфІхэми, нэгъуэщІ мусльымэнхэми, узыхуэпльауэ щІыхуми. Апхуэдэу пщІыкІэ псапэр бзэгъэн мыхъумэ, нэхъ мащІэ хъунукъым. «АпхуэдизщІыхум дауэ псапэр зэрапльэсынур?» - жызыІэни щІэнщ. Мы Іуэхур зэгъэпщэныгъэ Іупщ1кІэ кьыдгурегъаІуэ мусльымэн щІэныгъэлІ Бэдиухуэзман Сэхьид Нурсий: «Хуэфащэн кьарурэ Іущыгъэрэ ирихьэлІэу сыт ищІыкІри къэзыгъэщІа Алыхь Инэм, уафэмрэ хьэуамрэ ди псальэхэм я зыубгъупІэ, зэхэхьпІэ зэрыгъэхуищІар кьигъэзыгъаГуэу, аэзн макъыр е радиом и макъыр зэуэ щІыху кІуэщ зэрыззэхахьым ещхьу, дыззэджэ КъурІэнри Іиман зиІэхэм я лІаХэм я псэм яльгъэІэсыну

Алыхьу тэхъэлам щІэ зыщІэмыт и хъарурэр гъунэ зымыІэ и ІущыгъэшхуэмрэкІэ мы дунеймрэ хъэрэтымрэ зэпызыщІэ Іэмал нэрымыгъабгъу Іэджэ зэхигъэуващ. А зэпыщІэныгъэхэр нэрымылъагъуми, зэрыщыІэр зэхьдощІэ...»

Аращи, зы уэздгъуэ фІэкІа мыблэми, ар кьыззрыщ гъуджэхэм зэрызыхъэу зэрыщІапльагъуэм хуэдэу, «Ясин», «Іэлхьэм» е нэгъуэщІ суРэ гъапІэхэр кьэдбжу щыху куэдым я псэм мыпльку хуэтщІмэ, дэтхэнэ щІыхуми зэхуэдэу а суРэ гъапІэхэм я псапэр яльэІэсынущ.

КъурІэн ефэнащ «къурІэнаджэм» хуэбгъэкІуэным узыхуэсакъыпхъэ гъэрхэр хэлъщ. Псалъэм папщІэ, езыгъаджэхэри ефэнащ, зыхуэсакъыжу, егъэлеиныгъэм зыщащхьумэн гъэщІ. Мылъку зиІэри зимыІэри, хуэщІаХэри хуэмыщІаХэри акъылкІэ Іуэхум бгъэдыхьэу, зэхьэзэхуэрэ щІыху зыщыгъэтхъуи мурадрэ кьыхэмыхьэу, Іисраф, щыкІеягъэ, фэрыщІыгъэ, нэпсеигъэ щымыІэу, псапэрэ гуапэрэ щыкуэду КъурІэнаджэр егъэкІуэкІыну хуейщ.

КъурІэнаджэр псоми (къулейхэми къулейсызхэми) ящыщ хуейуэ, лІам ахърэтыфІ кІызэрыхуащхьу Іэмалу бгъэувэу мылькучщэр гуэзвэгъуэ хэбдзэныр зэи къэбгъэхъу мыхъунщ. Дунейм ехьжахэр псэухэм кьаззрыщыгугъыни, псэухэм я псапэхэм, сэдэхьэхэм я сэбэп зыхьэрыІым хэпльхьым, ауэ лІахэм псапэ яклэлъыблэжьын папщІэ, псэухэр гуэзвэгъуэ хэбдзэ хъунукъым.

Къызгурыуэркъым апхуэдэу щІыщымыгъ. Егъэджакіуэм сабийхэр кІымыгъэдэІуэфмэ, абы школым щищІэн щІыІэкъым. ИкъукІэ си жагъуэщ диныр кьабзэу я ехьжым емыгугъуэ, си кьалэнхэр тэмэму зымыгъэзащІэ ефэндыхэм мусльымэн хабзэхэмрэ цІыху щхьэхуэхэм я «жэрдэмхэмрэ» зэрыщэхагъэзэрыхьыр.

Пэжщ, цІыхум и фІэщхъуныгъэр езыр зыхуитыж гупсысэкІэщ, и гум и щэхущ, и напэм зэрыхуитыжафащэщ. Зи гугъу сщІа Іуэхуэхэр зезыгъэжІуапхэр, зыгъэтэмэмыпхъэр цІыху щхьэхуэхэркъым, цІыхубэрщ, диным и Іуэхущ1апІэм и унафэщІэхэрщ. Ахэр зэгурыІуэу, зэкъуэгуфІуэ ныфэ зэйуб къащІэн икІи ягъэзащІэн хуейт, жылагъуэ дэтхэнэми дин хабзэхэр тэмэму щызэрахьан папщІэ.

НАЛО Къарэ,
УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и отличник,
КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ.

● Фи дэфтэрым ифтхэ

Адыгэбзам къыхьыжьа псалъэхэр

Таурыхъ (хьэрыпл. тэрахъ; урыс. сказка) 1. «Куэд щІа», «Жьы дада», «ТхьацІэ мыкъэнэхэрщ мы псальэм хьэрыпІэзм щиІэр. Адыгэбзэм кьызэригъэсэбэпыр Іуэрыуатэм и жанр псысэм и синонимущ.

Тэмэм (хьэрыпл. тэмэм; урыс. правильный, точный). Зыгуэрым и пэжагъым щыхьэт зэрытехъуэ псальэ.

Тобэ (хьэрыпл. тэубэ; урыс. сожаление о чем-л.) зыумысыжьыагъэ, щІегъуэжьныгъэ.

Турыхь (хьэрыпл. тэрэухьэ; урыс. вечерняя молитва в месяц мусульманского поста). Нэщ1 мазэм жэщкІэрэ ящІ псапэ нэмэз.

Уаз (хьэрыпл. уэхьжь; урыс. проповедь). Уныгныгъэ; мусльымэнхэр зэрыпсэун, зэрахьэн хуей хабзэхэм теухуа кьыхуеджэныгъэ.

Уахьты (хьэрыпл. уэкът; урыс. время). Зэман, пІалъэ гуэр.

Уэлий (хьэрыпл. уэлий; урыс. правитель). 1. Жылагъуэ, хэкуэпсо унафэщІ; 2. Щыхьэ щыпІкъ, щыпхуэз зыхуащІ; 3. Адэ пэлыпъ, гъэсакІуэ; 4. Алыхьыр ирагъэльапІэу Абы и щІэм паъэувэ псальэ, «щІыхуэхэр зыунэтІ, абыхэм гъуэгу захуэр езыгъэлъагъуэ мыхьэнэр зиІэ.

Уэчыл (хьэрыпл. уэкил; урыс. адвокат). 1. Ягъэкъуаншэм кьыщхьощыж, кьыкъуэт щыху. 2. ЩІхьэгъэуэ зэхуэхъуахэм мусльымэн нэчыкъ щыхуатхкІэ, щыхьэгъу лъэныкъуитІым кьрадж. 3. НэгъуэщІ щІыхуэхэм кьащхьощыж, я сэбэп зыхэльхэр пхъыгъэкІ.

Факыыр (хьэрыпл. фэкъир; урыс. нищий, бедный). Тхьэмыщкі1э, мылъку зыбгъэдэмыльэ, псапэ хуэщІэу кьратыжкІэ е кьилъыхъуэмкІэ зыщІыху.

Фарз (хьэрыпл. фард; урыс. обязанность). 1. Щ1ыхьэ мтхьэщІэн хуей, Тхьэ Іэмыркі1э кьыхуеха унафэ. 2. ГъэззщІэн хуей кьалэн е мурад.

Фасикъ (арм. - хьэрыпл. фасиск; урыс. лицемер). 1. Ислам диныр и фІэщ хьууэ жызыІэ, ауэ мусльымэнхэм и гум илымрэ зэтемыхуэ щІыху.

Хур (арам - хьэрыпл; хьуурние; урыс. гурия). КъурІэным кьызэрыщыкІуамкІэ, жэнэтыр унаплІэ зыхуэхъуэхэм ІуэхутхьэбзащІэу яІэну бзылъхъугъэ тхьэІухуд.

Хьэдис (хьэрыпл. хьэдис; урыс. хадисы). Мухьэмэд бегьымбарым жиІа Іущыгъэхэр, и хьэл-щэнымэ теухуауэ кьаІуэтэжаХэр.

Хьэж (журт - хьэрыпл. хьэдж; урыс. хадж, поломничество). Мусльымэнхэм я фарэхэм ящыщ зы, Саудей Къэрэлым кьыхъэ Мэчэ кьадэм кІуэуэ диным екъэІа хабзэхэр щыгъэзэщІэныр.

ПЩЫХЬЭЩІЭ ЛатІиф, ТЫМЫЖЬ Хьэмыщ.

НапэкъуэцІыр зыгъэхъэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

Бадзэуэгъуэм и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пшэдджыжьыр	Дыгъэр кьыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичьпдыр	Ахьшэмыр	Жасыр
1, тхьмахуэ	03.58	05.28	13.20	17.26	20.51	22.31
2, блыщхьэ	03.58	05.29	13.20	17.26	20.51	22.31
3, гъубж	03.59	05.29	13.20	17.26	20.51	22.31
4, бэрэжьей	03.59	05.30	13.20	17.26	20.51	22.30
5, махуэку	04.00	05.30	13.20	17.26	20.51	22.30
6, мэрем	04.01	05.31	13.20	17.26	20.50	22.30
7, щэбэт	04.01	05.32	13.21	17.26	20.50	22.30
8, тхьмахуэ,	04.02	05.32	13.21	17.26	20.50	22.29
9, блыщхь	04.03	05.33	13.21	17.26	20.49	22.29
10, гъубж	04.03	05.34	13.21	17.26	20.49	22.28
11, бэрэжьей	04.04	05.34	13.21	17.26	20.49	22.28
12, махуэку	04.05	05.35	13.21	17.26	20.48	22.27
13, мэрем	04.06	05.36	13.21	17.26	20.47	22.27
14, щэбэт	04.06	05.37	13.22	17.26	20.47	22.26
15, тхьмахуэ,	04.07	05.38	13.22	17.26	20.46	22.26
16, блыщхьэ	04.08	05.38	13.22	17.26	20.46	22.25
17, гъубж	04.09	05.39	13.22	17.26	20.45	22.24
18, бэрэжьей	04.10	05.40	13.22	17.26	20.44	22.24
19, махуэку	04.11	05.41	13.22	17.25	20.44	22.23
20, мэрем	04.12	05.42	13.22	17.25	20.43	22.22
21, щэбэт	04.12	05.43	13.22	17.25	20.42	22.21
22, тхьмахуэ	04.13	05.44	13.22	17.25	20.41	22.21
23, блыщхь	04.14	05.45	13.22	17.25	20.40	22.20
24, гъубж	04.15	05.46	13.22	17.24	20.39	22.19
25, бэрэжьей	04.16	05.47	13.22	17.24	20.38	22.18
26, махуэку	04.17	05.48	13.22	17.24	20.37	22.17
27, мэрем	04.18	05.49	13.22	17.23	20.36	22.16
28, щэбэт	04.19	05.50	13.22	17.23	20.35	22.15
29, тхьмахуэ	04.20	05.51	13.22	17.23	20.34	22.14
30, блыщхь	04.21	05.52	13.22	17.22	20.33	22.13
31, гъубж	04.22	05.53	13.22	17.22	20.32	22.12

Къэбэрдей-Балькъэрым и мусльымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.

Исльэмым и нур

ІЫАТІХЪЭ (УБЛЭПІЭ)

(1) ГуашІэмрэ гущІэгъумрэ зиІэ Алыхым и цІэкІэ. (2) Щытхър зыхъуэфащэр дунейхэр зыухуаУэ (3) гущІэгъур зиІэу (4) Къемэт махуэм и тепщэращ. (5) Уэрэд дызыхуэпщылЫыр, уэращ дэІэпыкъуэгъуу диІэри. (6) Дыгъэ гъуэгу захуэу (7) уи нэфІ зыщыхуахэр зытетым. Пэжыжьэ дыщІи ней зыщыхуахэмрэ гъуэщахэмрэ я гъуэгум.

● ФщІэуэ пІэрэ?

Исльэмыр гъуазэ зыхуэхъуахэр

Валитов Нажин

Башкирием фІыуэ кьыщацІыху Валитов Нажин. Ар еджагъэшхуэщ, химие щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, ЩІэныгъэхэмкІэ Нью-Йорк дэт Академием и академикщ. Тхьилъ, брошюрэ, тхыгъэ пІащэ куэд и къэзмышэм кьыщІэкІащ. И лэжьыгъэ псоми я нэхъыщхьэр ди Дунейм (Вселенэм) пкЫгъуэхэр зэрыщызэпыщІар, зэрыщызэрыщІэр, кьэхъугъэ гуэрхэр зыхащІэу, сыт хуэдизкІэ зэпэІэщІэми, нанЫззыпІэм зэрыщызэпэджэжыр, щІэныгъэр и тегъэщІапІэу, зэІубэ кьызэрыпІыфарп.

Зэгуэрым профессорым къыІэрохъэ Ватикан кьикІа письмор. Рим и Папэр кьыщытхъурт и лэжьыгъэ телъыджэм щхьэкІэ. «Лъэныкъуэ псомкІи къэтпщыгэри, уи кьэхуэтэныгъэр гъуэгуэджэу кьэтльытауэ, ди фІыщІэ гуапэрыпхуэдогъэхь», - итт тхыгъэм.

Ар гъэщІэгъуэн ХЬЫЩІ щыщхьэпри, мусльымэн еджагъэшхуэр кІуащ Урысейм и муфтий нэхьыщхьэ Таджутдин Талгат и деж. Абы занщІэу кьыгурыІуащ щІэныгъэлЫм и кьэхуэныгъэм и купщІэр. «КъурІэным итш Алыхьым сыт хуэдэ пкЫгъуэри зэрилъагъур икІи зэрызыхищІэр. Уэ ар щІэныгъэм и хабзэхэмкІэ бубзыхуфащ» - жиІащ дин лэжьакІуэшхуэм.

Профессор Валитовым гупсэхуу щІиджыкІащ фІыщІагъэ лъапІэхэр я щІэныгъэ Іэныр, Инджылыр, Торэтыр),инуи игъэщІэгъуащ а тхылъхэм езым и щІэныгъэ дерсхэр Іупщ1у кьызэрыхэщыр. «Гупсысэри пкЫгъуэ телыджащщ, - жеІэ еджагъэшхуэм, - ар дунейм и щІыпІэ дутхэнэми кьыщыбгъуэтыфынущ».

Мухьэмэд - Алий (Кассиус Клей)

Ар спортсмен щэджащэщ. БоксымкІэ щІэнейрэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекІуащ. Чыристану щытащ. 1965 гъэм исльамыр кьыщтащ. Хьэж ищІащ.

Журналистыр кьыщыпкъуэнщІыхьым, Мухьэмэд-Алий мыпхуэдэу жиІэгъащ:

- ЩІэрыщІэу дунейм сыкъутехьэжамэ, ильэсипщІ ныбжьым ситу мусльымэн хабзэхэр згъэзащІэу щІэздзэнт. ЕхьулІэныгъэхэм нэхъ ин дыдэу сэ кьызэхьулІар мусльымэн сызэрыхьуарщ.

Салазар Овидио

Британ кинорежиссер Салазар Овидио и фильмыр («Ал-Газали-насыпым и алхимикщ» зи фІэщыгъэр) дунейпсо мусльымэн кинофестивалым нэхьыфІ дыдэу кьыщалытахэм ящыщщ. А екъулІэныгъэм и хэкІыпІэм теухуауэ журналистхэм я зэхуэсым (пресс-конференцым) кьыщыпсалъэм, Овидио и гуапэу кьыхигъэщащ зэрымусльымэныр, хьэлимышхуэ ал-Газали и тхылъэр зэриджар, а щІыху щэджащэр сыт и лъныкъуэкІи щапхъэфІу кьызэрилытэр.

- Исльамым сэ сыхуэхІуащ гъащІэм и щхьэхэм сегупсысурэ, - жиІащ кинорежиссерым. - Мы диныр пэжыгъэ нэсым и гъуджэщ. Абы хуэлажьэ ІЫэпкІэхэр я тепщэкІэ, я щэнхабзэкІэ зэмышхьэми, фІыуэ зэхущытщ, пщІэ зэхуащІ, зэрогъэлъапІэ. Ар фІыгъэшхуэщ.

ГАЛЯУТДИН Идрис.
«Исльамыр къэзыщта щІыху щІэрыІуэхэр» тхылым къытехьажащ.

● Зы Іэятым и дерсхэр

Адыхьыр гъунэгъущ

«Си пщыІэхэр Сэр щхьэкІэ къоупщІмэ - Сэ сыгуэнэгъущ. КьызэхъэІуи и лъэІур хузощІэ. КьызэдаІуэр, кьызэуваІэр гъуэгу захуэ теувэнщ».

(КъурІэн, етІуанэ сурэ, 186-нэ Іэят).

Бегьымбарым и щхьабзэхэр куэдрэ къеупщІырт, «Алыхьыр тпэжыжьэ, хьэмэрэ тпэгъунэгъу? - жаІэурэ. А упщІэхэм я жэуапщ мы Іэятыр. Абы кьыхоущ гурэ псэкІэ Тхьэм лъэІукІэ зыхуэзыгъаазэр зэи жэуапныпзу кьызэрымынэр.

Хьэпимышхуэхэу Бухъарийрэ Мусльымэр къаІуэтэжащ Мусэ Іэщхьэрийм жиІэжа мы хьэдис пэжыр. Бегьымбар лъапІэр зыхэта Хьеибэр зауэр щиухам щыгъуэ куэдыр ину кІийрт: «Алыхьыр Инщ! Алыхьым нэмыщІ тхьэ щыІэжьымІ! - жаІэрэ. Бегьымбарым абыхэм захуигъэзащ: «Уа, мусльымэнхэ! ФыуныІэ, фэ фызэгуэур дэгукъым е щымыІэ гуэркъым, атІэ фызэхэзыхщ, фыкъэзыльагъущ, кьыкрпэгьунэгъущ икІи кьыздащІыкъущ».

Тхьэм и нэфІыр зыщыхуа бегьымбарым жиІэгъуэу диным и гъжьакІуэшхуэ Іэбу-Хурейрэ кьИуэтэжащ мыпхуэдэу: «Жэщ дэтхэнэми, и Іыхьитыр кІыІэгъэкІи нэжь, Къэ лъапІэ дунейм и уафэ къатхэм щызокІуэ, мыхэр жиІэурэ: «Кьызэгъэтхъуэ жэуап ЕстынщІ, кьыщІызэлъэІури хуэсщІэнщ, зи гуэныхьэр зыхуэзгъэгъуну хуеИхэри

Малкэ. Хъуранхэ я мэжджытыр. *Сурэтхэр тезыхар* **ХЬЭМТУ МуІэедщ.**

ЦІЫХУХЭМ я мурадхэри я гупсысэкІэри зэпэкъэсыж. Си гурыгъуегурыщІэу нывэсхьэлІэхэр къабыл зыщымыхъуни щыІэнщ. Ауэ сыхуейт зи гугъу фхуэсщІынухэр Іуэпэм фымыщІыну, фемыпщІэжьЕкІыу: си тхыгъэр щІэх дыдэу лъэныкъуэ евмыгъэзу, фыкъызэдаІуэну, сызыхэфщІыкІыну.

Сэ нэхъыбэу сызыгъэпЕйтейр нэщхъеяГуэу дзыхъэхуэхэрщ, абыхэм дазэрыхущытырщ, кущІыуэ ди лъэпкъым къыдэгъуэгурыкІуэ хабзэхэр зэхъуэкІа зэрыхъурщ, зэрекІакІуэрщ. Абы и щапхъэхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Іэджэ махъу. Къэтщтэнщ, псалъэм папщІэ, щыгъынтыжьымрэ махуэ гуэрэм тещІыхьауэ къызэрагъэпэщ сэджхъэхэмрэ. Ахэр си псэм кьыхухущтэркъым. Си дежкІэ щыгъынтыжьыр гуауэшхуэщ, лІар щыдаха махуэм ещхьыркъабзэу, уеблэмэ, хьэдагъэ тІуащІэщ - дэтхэнэ щыгъын ятыжми гухэщІ кьызат.

Сэ сфІэемыкІущ щыгъынтыжьым хьэдэІуе дауэдапщэхэр зэрыращІэкІыр. Ар, къызэрыфІэщІымкІэ, тэмэмкъым, фІыуэ зэгупсысыпхъэщ. ЗэрыгурыІуэгъэщи, дунейм ехьжа ди Іыхьлыхэр зэи тщыгъупщэ хуэнукъым. Си гугъу сщІа ІуэхуэгъуитІыр (щыгъынтыжьымрэ хьэдэІусымрэ) зэгъусэу ящІ зэрыхъэм щхьащІыхъуу быслъэфІощІ Іыпм хуэблэжьыпхъэ псо зэфІэбгъэкІауэ. Шынагъуэ щыІэу кьызолъытэ мы «жэрдэм» мыщхьэпэр хабзэ хъункІэ, абы щыри хуэмей пэтми.

Ижь-ижьыж зэманхэм кьыщежьауэ ди лъэпкъ хабзэхэр зэфІэх чэзу, марда гуэрхэм тету, гущІэгъу хэлъу. Псалъэм папунагъэшхуэм щыщхэм хуэдэу зэгурыІуэу, зэщыгуфІыкІыу мэжджытым щызэхуэсхэм нэмэзхэр зэдащІ, мамырыгъэкІэ, бэвырЫкІэ, насып куэдкІэ мы щІынальтъм исхэм яхуэхъуахъуэрэ.

Ящыщ я нЫбжьыр илъэс пщІей ирикъуащ. Тхьэмадэ бынфІэр жанщ, нэжэгужэщ, зэрыжаІащи, жыщІэмахуэщ. Апхуэдэщ Жануси, Зэщхьэгъуэсэхэр ину щогуфІыкІ Іэбдлэ́ІІ зэраІэм, нЫбжьыщІэхэр мусльымэн хабзэхэм хъарзынэу зэрыщІапыкІыфым (псом хуэмыдэу зэфІэкІ иІэщ Іэбдулчэрим и къуэ Іэуес, медицинэ, факультетым щІэсым, КъурІэн лъапІэр егуГуу зыджьм).

● Дэ къытхуатх

щІэ, гуэзвэгъуэ зэрылъ унагъуэм махуищкІэ лэгъуПэмпІэ щыІэзэфІадзэртэкъым. Гуауэр зейм ерыскъыкІэ къахуэупсэрт я Іыхьлыхэмрэ гъунэгъухэмрэ. АбыкІэ кьагъэлъагъуэрт дунейм ехьжам щщІэ зэрыхуащІыр. Хэт жиІэфынри апхуэдэ хабзэр мыдаХэу?

Нэхъ иужьыІуэкІэ гуауэр зейхэм кьыздахьирт жьэрымэ трыныр, махуэ пІІыщІ сэдэкъэми зыхуагъэхьазыру щІадзэр

Зыгъэпсихыгъэ мэхуэм Мальхъэдис

* * *

АДЫГЭ бзыдъхугъэхэр губзыгъэщ, псэ къабзэщ, куэдым гу лъэтэ. Абыхэм щIыхухъум пщIэшхуэ хуащI икIи ирипаГэм яфIэфIщ я щхьэгъусэхэр лIыгъэ щIапIэ щихуэкIэ къызыкъуах лIыхьужьыгъэм. Адыгэ бзыльхугъэхэр щэнфIэщ, лэжьыгъэр, къабзагъэр фIыуэ яльагъу.

Бларамберг Иван.

* * *

ШЭРДЖЭСХЭМ (адыгэхэм) егъэлеяуэ щхьэхутынытыгъэр фIыуэ яльагъу, зыкIи къэмылэнджэж зыгъэIхэщ... Я бийхэр хэгъэщIэным нэхъ щIыхь абыхэм ящIэркъым, бийм къыпикIуэтыным нэхъ напэтехи яIэкъым...

Тебу де Мариньи Жак.

* * *

Шэрджэс къэралыгъуэм, дэ дызыпхыкIам, жыг абрагъэхэр зыкIэрыт бгы лъагэхэр, къуэ зэхуаку куухэр и куэдщ. Абы и щIыпIэ нэхъыщхьэр Къэбэрдейр. Мыбы щыпсэу цIыхухэр хуабжьу дахэщ. ЕлIалIэу сабийхэр къызэрагъэхъум и фIыщIэкIэ, фэрэкIым зи нэкIур нэджэIудэж ищIахэм мыбы ущрихьлIэркъым.

Шэрджэс къэралыгъэр дахэкIейщ, абы и куэдщ псыфI дыдэ зыщIагъэпадэ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр. И хуэр жьэдэпшэ пэтми зыщумыгъэнщIу гурыхыщ, къабзэщ. Хузогъэфащэ шэрджэхэр тэтэрхэм къаэрыщхьэщкIэ дахагъэр абы кьыхэкIыу.

Ферран.

● Адыгэхэм папщIэ жаIащ

Бийм къыпикIуэтыркъым

● Тепльэгъуэ хэр

Жанкъазий Темырлан: «Гитарэм мыпхуэдэуи уеуэ хъунущ».

● Псалъэжьхэр

Фэдэн кIапэ шу егъэпсэлъж

✱Дыгъужьыр зэдзакъэр и Быхьэщ.
✱Шэ цIыкIуам гу щынамкIэ зегъаазэ.
✱Гъуэбжэ псори мыщэкъым, лыд псори дыщэкъым.
✱Iэм имыщтэ кIуэдыркъым.
✱ФIым фIыщIэ пылъщ.
✱Фэдэн кIапэ шу егъэщэсыж.
✱УмылъэIуауэ узэтэнр пщIэнукъым.

● Джэгукlэхэр

Дамэгъэр

ЩIалэ цIыкIуэр тIуры-тIу зэдзджэгуу щытащ. Я ныбжькIэ, я хьэлъатэ-псынщIагъкIэ зэхуэдизу щIалэ цIыкIуитIам пхъэндзэ ящIыти, зэхагъэхIырт хэт яп «шэсынуми». Зи пхъэ кьикIар адрейм и пщыдкъым дэтIысхьэрт, и лъакъуитIыр «шым» и гупэмкIэ едзыхауэ. Пщэдыкъым дэсым зытесым и щхьи, и дами, и блыпкьи иубыд хьунукъым. Абы щыгъуэми зыхьым дауэрэ зищIми хьунущ. Ар одолъей, кьолъых, зегъэщхь, бгъукIэ зегъэщIей, ауэ дэIэбейуэ и пщэдыкъым дэсыр IэкIэ кьрильэфхыну хуиткъым.

Аращи, зыр хущIокъу нэхьыбэрэ пщэдыкъым зэрыдэсыным, мыдрейри хуейщ нэхъ псынщIэIуэу и «шууейр» кьридзыхьмэ зыгъэрахъуэкIыну. «Шым» и пщэдыкъым дэсыр нэхъ псынщIэу кьридзыхьмэ щхьэкIэ, зригъэзэхыурэ джалэмэ (зэтеджалэмэ), хэткъым. Ауэ езыр зэфIэту, щIым IэкIэ емыIусауэ кьанэрэ, и пщэдыкъым дэсар кьригъэхуэхмэ, абы щыгъуэ зыгъэрахъуэкI.

Пщэдыкъым дэсым и лъакъуитIыр зытесым и гупэмкIэ щыгъэздзэу хэткъым. Ещхьыркъабзэу куэнькъэмкIэабы и пщэр икъуэхъуэнукъым. Зи пщэдыкъ дэсым и блэгущIитIымкIэ и лъакъуэхэр щIихыу и щIыбагъымкIэ щыгъэридзэ, щыгъэригъэубыд хьунущ, ауэ абы щыгъуэм мыдрейм ар нэхъ игъэбэгъэрыгъыфу кьригъэхуэхыфыну нэхъ Iэмал щыIэщ. Бзаджагъэ, Iэзагъэ хилъхьэу и щыдкъым дэсыр кьригъэхуэхамэ, езыр и джэгуэгъуэм и пщэдыкъым дотIысхьэри адэкIэ пащэ.

МАФIЭДЗ Сэрбий.

● Гъуэгу къежьапIэ

Мыгу Айдэмыр и "Нэ фIыщIэхэр"



Мыгу Хьэзырыр Нуретрэ я щIалэ ещанэщ 1990 гъэм мэлыжьыхьэ мазэм къалъхуа Айдэмыр. Къуэш нэхъыжьыр ильэсийкIэ, курытыр ильэсиблкIэ нэхъыжьыщ зи гугъу тщIы щIалэм нэхъ. Ахэр я къуэшым яльэкI къамыгъанэу доIэпыкъу, и лэжьыгъэм зэрыхитпэ хъуэным хущIокъу. И утыку итыкIэкIэ, и уэрэд жьыIэкIэ Айдэмыр цIэрыIуэ хъуами, иджыщ ар гъащIэ гъуэгуанэм щытехьэр: 2007 гъэм школыр кIнухауэ, еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIыхьэну зегъэхъэзыр.

СЦЕПЭМ къытехьэ зэрыхъэрэ куэд мыщIами, ар хунэсащ Воронеж, Москва, Санкт-Петербург, Астрахань зыкъыщигъэтьегъэуну. Уеблэмэ, Урысейм икIауэ Германием щыпсэу ди хэкуэгъуэм я диск огекэм уэрэд щыжиIэу зэман гуэркIэ щыIащ адыгэ щIалэр.

Музыкэ щIэныгъэ имыIэми, абы хуэзфIэкIащ Унэрокъуэ Аскэр итха «Черные глаза» уэрэдыр цIэрыIуэ ищIын. Абы нэмыщI, Айдэмыр игъэзащIэхэм хэтщ Хьэпуп Анзор, Нэщцаесэ Анжеликэ сымэ ятха уэрэдхэр.

У эрэджьIакIуэ ныбжьыщIэм мурадыш-хуэзэр иIэщ. Псом хэмыдэу ар щIохьэупс щIэныгъэрI зригъэгъэтыну. И адэ-анэм я щIалэ цIыкIуэр и хъыжьхэми ящымыгугъуу, атIэ абыхэм езыр ядэIэпыкъуфын хуэдэу зэфIэкI иIэну и хъуэпсапIэщ.

Айдэмыр лъэпкъым хуеплъэкIхэм ящыщщ. «Сропагэ, грогушхуэ, зыхэслъхьэ щыIэкъым си лъэпкъыр. Абы кьикIкIым адрей цIыхухэр Iейуэ, ауэ адыгэм я хабзэм, я бзэм, я нэмысым хуэдэ зыми ямыIэу кьыс-щохьу», - жеIэ щIалэм. Дэнэ щIыпIэ уэрэд жьIэну мыкIуами, кьалэ кьыщалъхуар - Мейкьуапэ - и гум ихуркъым. Аращ щыпсэнуи, щеджэнуи, щыIэжьэнуи и гугъэр.

ЖЫРЫКЪ Руслан.

● Нэщэнэхэр

Псэушхьэхэм хъыбар къыщагъащIэ

Джэдур унэ лъэгум епIэстхъмэ, жьапщэ, щIыIэ кьэхъунущ. Бльным епIэстхъмэ - уэлбанэ, и гущIыIур дзгъэзэяуэ Iэфiу жейм - хуабэ хъунущ. Ерыщу и цым ебзеймэ, уэшх кьешхынущ.

ТхьэкIумэкIыхьыр и шырхэр зэрыс гъуэм кьикIрэ имыгъэбыдзкмэ, хуабэ хъунущ. И гъуэр удэкIэ, цыкIэ игъэбыдзмэ, дунейр кьызэIыхьэнущ, щIыIэ хъунущ.

Джэдкъуртым и шырхэр гъущапIэ щIишэмэ е аэр и дамэ лъабжьэм щIигъапщкIуэмэ, уэшх кьешхынущ.

Джэдым пасэу икIи псынщIэу ци ипхъыщ щIидзамэ, щIымахуэр щIыIэ хъунущ. Пасэу цIыр ипхъащ, ауэ псынщIэу цIыщIэ абы и пIэ кьиуэжьыркъым - щIымахуэр щIы-Iэнукъым. Сабэм зыхакъырэ, пасэу лъэуейм дэлъейжмэ, дунейр куэдрэ хуабэнущ. Уэшх кьешх щхьэкIэ джэдэщым щIыхьэжьым мыпIащIэмэ, уэшхыр псынщIэу теужьнуц. Щымахуэм пасэу лъэуейм дэлъейжмэ, лъакъуэ щIыщIэ лъэныкьуэкIэ щытмэ, щIыIэ хъунущ. Нэхъ лъагэу лъэуейм дэлъеиху - нэхъ щIыIэ мэхъу.

● Шхыныгъуэкр

Тхьэмщыгър щэм кIэщIыпIу

Мэлым е Iэщым и тхьэмщIыгъуэр Iыхьэ-Iыхьэу, сантиметри 3-5 я кIыхьагъыу, зэпаутщI, зэлъэIэсу щыбжий плъыжь щащхэу. Щэри Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпаутщI, тхьэмщIыгъу зэпыупщIахэр зырызу кIуэцIалъхьэ, дзасэм пIуэжри, мафIэ дэпым щхьэщIыгъэу ягъажьэ. ЗэманзэманкIэ зэрагъэдзэкIыурэ, дэпым имысым щхьэкIэ, тхьэмщIыгъэр зыкIуэцIыль щэм лэпс тIэкIу тракIэ. Хьэзыр хъуа нэужь, пщтыру Iэнэм тралъхъэ.

ПСЫЕЖЭХ къабзэ цIыкIум и Iуфэм Iут мыIэрысейр зыльIагъум и гур хохьуэ - уэзэхуэпсэнщ сыт и лъэныкъуэкIи: псыр пэрыхьэту егъуэт, жьы кьабзэр гуапэ у кьыщIеху, езым и зэманыгъуэ-щIэрэщIэгъуэ дахэщ. Илъэс ещанэ имыщIэу. ЕIуэснущи, банэр кьыхэуэнущ, пэплъэнущ - уэзэгу зыдынумэ, уэзгуигъэ-дынщ!

Мыгъэрыс, щыжьбанэм тхьэкIумэжьыхьыр зыщхьэщегъэкI, мыIэрысейр я уэнэ ехьри, пхъэщхьэмыщхьэхэр здэщыIэ къуэгъэнапIэм щегъэтIылъ. ХуегъэтIылъ щIымахуэм.

Арати, щIылъщи, щылъщ мыIэрысэр, зыми зыкIи и гугъу кьищIыркъым, фэ теткъым зэгуэр зыгуэр кьыIлъIэсынуи, и Iуэху кьыIэрихуэнуи. Щымыхьужьыхьхэм, щIоупщIэ:

- Уа, щIэх дашхыну пIэрэ?

Зи гъуэгу щыIтхэр кьыщодыхьэщх:

- Уэ пщIэуэ пIэрэ дэ дыдэ-рыхьур зыжьдизыр? Уи дежькъмысурэ щымажу эри икIыу гъэмахуэ хуабэри кьихьэу, уфыжьынкIэ хъунущ!

Мыгъэрыс тхьэмыщкIэр магъ-мэгуIэ, и Iэпэм йодзэкъэж:

- Сыту насыпынщэу Алыхьым сыкьинтэщIат сэ. Си дуеяплIи, си нэгу зегъэужь мыгъуи кIуэдат, адрей мыIэрысхэм срагъэсэу жыгым сыпытыжатэмэ, аратэкъэ. Адрейхэм хуэдэу, сэри зыгуэрым сыпичынти, сишынт - псапэт, гуапэт. Аратэкъэ дэ дунейм дыкьыщытехьар?

Иджы сыт?!

Кьыщыщытхъэм зэрыжаIа дыдэм хуэдэу хьуащ: щылъащ мыIэрысэр щымахуэ псом, дунейм тетми темытми кьэзыщIи, и Iуэху кьызезэхуи щымыIэу. Гъатхэр кьыщысым, ину бжэр Iунхэр, цыкьубанэр кьыщIыхьащ. И пхъэщхьэмыщхьэ гъэтIылъыгъэхэр зэхидзурэ, ди мыIэрысэм щынэсым, и джабэр фауэ кьыщIэкIри, бжэмкIэ щиутIыпщыкIащ.

И нэм нэху кьыщIидзэжат иджы, ауэ, . АдэкIэ дауэ зэрыхъунур? Ерагъ - мыгъуейкIэ зигъэджэрэзурэ, псы ежэх хуэзэри, хэпкIащ. Уэрти, игъэкIэрахъуэм зэридзэурэ, и щхьэр егъэунаэри, зимыщIэжу екъ. ЗыкьыщищIэжар зыгуэр кьеIущIэу кьыщыфIэщIарц. И нэр кьызэтрехри, щIыпIэ кьыщIыхутар ицIыхуу кьыщоху. Мы псы Iуфэри, мы жьигри... Уарэ, мыр езыр кьыщIыхуараи! КьыузрыщIэкIымкIэ, псыри езыр езыхьэжьаращ, Къуаргъым и деж кьыщIыщIэдзаУ, зыхьа псоми ипщэкIэ драхьеяти, псым кьрихьэхьжащ. Ауэ гуфIа мыIэрысэр, ауэ гуфIа!

Ауэ, зыщIэгупсысыкри - нэщхьей кьэхьужащ: псори сытым и мыхьэнэ, зыми Iумэхуэ кIуэдыжмэ?!

Асыхьэтым зы мэлыхьуэ щIалэ лъагъуГуафIэ дыдэ цIыкIу кьыщхьэщохьэ. Иоlэ-быхри, кьештэ мыIэрысэр. И сэ жаныжкIэ дахэу гуеГэжф ба щIэлъэныкъуэри, мыдрейр ешх - кьехъулIащ дунейр кьэзыкIухьа мыIэрысэм и хъуэпсапIэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Гушыlэ

Из хъуа щIыкIэ

Я бжэныжь закъуэм къыщIэкIа шэ тIэкIур шыуан цIыкIукIэ игъэпщтырт Хъуэжэ я фызым.

Шэр къэпщтыным нэблэгъауэ, шыуан цIыкIум из щIыхъу дыдэм Хъуэжэ къыщIыхьэжащ.

Шэр шыуаным из хъууэ щилгъагъум:

- Нэхъыбэ хъуа щIыкIэ тхуиГахъуэт, фыз, - жиIэурэ Iэнэм бгъэдэтIысхьащ Хъуэжэ.

Абы и щхьэри яупсу пIэрэ?

Дизыкъуажэ и щхьэр Нартыкъуэ къуажэ жьакIэупсыпIэм щригъэупсырт. Сэр жану къыщIэкIынтэкъыми, хуабжьу игъэдзыхэрт, ауэ лIыгъэм зригъэхьырти, зыри жиIэртэкъым. Асыхьэт дыдэм ирихьэлIэу уэрамымкIэ шыд гуэр къыщыкIиящ. Ар щызэхихым, Дизыкъуажэ къыщиудри, къэпсэлъащ:

- А тхъэмыщкIэми и щхьэр яупсу пIэрэ?!

Уэлэхьи, имыщх-тIэ

Хъуэжэ цIыху гупышхуэ и гъусэу здэкIуэм, абдж удзыфэ гъуэгубгъум щылъу кьилъэгъуащ.

- Мыр сыту фIыуэ къэзгъуэта! Мыпхуэдэ сыхуеипэт, - жиIэурэ къыпхъуэтащ.

- Сыт ар зэрыщцIынур? - къеупщIащ абы.

- Нэгъуджэ къыхэсщIыкIынурэ си жэмым Iуслъхьэнущ, - жэуап кьитащ Хъуэжэ.

- Iагъу! - псори зэплъыжащ.

- Сыт Iэгъур! Уэлэхьи, мы Бэчыр деж къыщысщэхуа мэкъур апхуэдизкIэ гъуабжащи, имышх-тIэ, - жиIэурэ Бэчырым ехъурджэуащ Хъуэжэ.

● Псалъэзэблэдз

Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: **5.** Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ, Щоджэнщ ыкIыкI Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта. **6.** Мыдэф и ... кIыхьщ. **8.** Хур зэраужьгъ пхъэ щхьэп. **10.** Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу льэпкъ. **13.** Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, драматург. **14.** Зыкъэгъэльэгъуныгъэхэр щекIуэкI щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я Iуэхущ Iапэ. **15.** Анэр кьыщIалъхуа унагъуэ, кьызыхэкIа льэпкъ. **16.** Адыгэ кино драматург, тхакIуэ, усакIуэ. **18.**... жьырытэджщ. **20.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист, пшынауэ Iэуэ. **22.** Льагъуныгъэр гущIэгъуурэ зыхэлъ. **23.** Илъэситі кьэс ээ къэкI, пльыжь-фIыцIафэ гъэгъа зиIэ, зи льабжьэр хущIэхуэзу кьагъэсэбэп губгъуэ уда. **25.** Джэдкъэ, къуалэбзу Хуэдзэмэ я льаТэ. **28.** Анджэмыркъан зыпIыжа и адэ. **31.** Гъэгъа хужь цIыкIуэр кьыпкIэу гъуэгубгъуэм, тафэхэм кьыщыкI уда; хьэндыркъакъуалъэ. **33.** Ацкъан Руслан и новеллэ. **34.** Дэрбэгр Iэмэпсымэ. Гъущ Iкубжэ зиIэр абы щыхуэныкъуи кьюхьу. **35.** Куэд дыдэ, куэдыщэ. **36.** Хадзэкl. **38.** Хьэщэпцэр Iэкl э кьыузрахьыкI Iэмэпсымэ. **40.** Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, Щоджэнщ ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ зиIэ и артист, Щоджэнщ ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта. **2.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ, хэрэджьакIуэ цIэрыIуэ. **3.** Тенджжь фIотым къулыкъу щызыщIэхэм я унафэщI нэхъыщхьэ. **4.** Зи анэр зымыльагъуу мыпсэуф, анэ-кIэ нэхъеиншэ, гумашIэ. **7.** Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ. **8.** Бжьэхэм кьрахьэлIэ фоупс пIащIэ. **9.** Гъэм и зэман. **11** Гъэшхэкl. **12**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэщI. **17** Пэж дыдэ, щыуагъэ, щэч зыхэмыльэ. **19.** Жьы кьыщепщэ зэман. **20.** Мывэ хужь гъэса. **21.** Iэщ гупышхуэ. **24** Тхъэрыкъуэфым ещхьу тхьэмпшхуэ зыщI къэкIыгъэ. **26** Кьыщокъуэ Алим и роман. **27.** Пщыхьэщхьэ, пшапэ зэхэуэгъуэ, ЕпIанэ нэмэз щIыгъуэ. **29.** Джэду льэпкъыгъуэм хьыхь хьэкIэкхъуэкIэ ябгъ. **30.** Къэжэр Индрис и уэрэд. **31** Гъатхэм пасэу, уэс теть щIыкIэ кьэкI уда гъэгъа цIыкIу. **32** ФIыуэ яльэгъуа, льагъуныгъэ гуащIэ дыхуащIа. **37** КъуэкIыпIэ Жьжьэм щекэх псышхуэ. **39.** Адыгэ сурэтыщI цIэрыIуэ.

Зэхэзыльхьар

УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

● Тауырыхъ

Дунеяплъэ ежьа мыIэрысэ

имыщIэу. ЕIуэснущи, банэр кьыхэуэнущ, пэплъэнущ - уэзэгу зыдынумэ, уэзгуигъэ-дынщ!

Мыгъэрыс, щыжьбанэм тхьэкIумэжьыхьыр зыщхьэщегъэкI, мыIэрысэр я уэнэ ехьри, пхъэщхьэмыщхьэхэр здэщыIэ къуэгъэнапIэм щегъэтIылъ. ХуегъэтIылъ щIымахуэм.

Арати, щIылъщи, щылъщ мыIэрысэр, зыми зыкIи и гугъу кьищIыркъым, фэ теткъым зэгуэр зыгуэр кьыIлъIэсынуи, и Iуэху кьызэрихуэнуи. Щымыхьужьыхьхэм, щIоупщIэ:

- Уа, щIэх дашхыну пIэрэ?

Зи гъуэгу щыIтхэр кьыщодыхьэщх:

- Уэ пщIэуэ пIэрэ дэ дыдэ-рыхьур зыжьдизыр? Уи дежькъмысурэ щымажу эри икIыу гъэмахуэ хуабэри кьихьэу, уфыжьынкIэ хъунущ!

Мыгъэрыс тхьэмыщкIэр магъ-мэгуIэ, и Iэпэм йодзэкъэж:

- Сыту насыпынщэу Алыхьым сыкьинтэщIат сэ. Си дуеяплIи, си нэгу зегъэужь мыгъуи кIуэдат, адрей мыIэрысхэм срагъэсэу жыгым сыпытыжатэмэ, аратэкъэ. Адрейхэм хуэдэу, сэри зыгуэрым сыпичынти, сишынт - псапэт, гуапэт. Аратэкъэ дэ дунейм дыкьыщытехьар?

Иджы сыт?!

Кьыщыщытхъэм зэрыжаIа дыдэм хуэдэу хьуащ: щылъащ мыIэрысэр щымахуэ псом, дунейм тетми темытми кьэзыщIи, и Iуэху кьызезэхуи щымыIэу. Гъатхэр кьыщысым, ину бжэр Iунхэр, цыкьубанэр кьыщIыхьащ. И пхъэщхьэмыщхьэ гъэтIылъыгъэхэр зэхидзурэ, ди мыIэрысэм щынэсым, и джабэр фауэ кьыщIэкIри, бжэмкIэ щиутIыпщыкIащ.

И нэм нэху кьыщIидзэжат иджы, ауэ, . Адэкlэ дауэ зэрыхъунур? Ерагъ - мыгъуейкIэ зигъэджэрэзурэ, псы ежэх хуэзэри, хэпкIащ. Уэрти, игъэкIэрахъуэм зэридзэурэ, и щхьэр егъэунаэри, зимыщIэжу екъ. ЗыкьыщищIэжар зыгуэр кьеIущIэу кьыщIыфIэщIарц. И нэр кьызэтрехри, щIыпIэ кьыщIыхутар ицIыхуу кьыщоху. Мы псы Iуфэри, мы жьигри... Уарэ, мыр езыр кьыщIыхьураи! КьызэрыщIэкIымкIэ, псыри езыр езыхьэжьаращ, Къуаргъым и деж кьыщIыщIэдзаУ, зыхьа псоми ипщэкIэ драхьеяти, псым кьрихьэхьжащ. Ауэ гуфIа мыIэрысэр, ауэ гуфIа!

Ауэ, зыщIэгупсысыкри - нэщхьей кьэхьужащ: псори сытым и мыхьэнэ, зыми Iумэхуэ кIуэдыжмэ?!

Асыхьэтым зы мэлыхьуэ щIалэ лъагъуГуафIэ дыдэ цIыкIу кьыщхьэщохьэ. Иоlэ-быхри, кьештэ мыIэрысэр. И сэ жаныжкIэ дахэу гуеГэжф ба щIэлъэныкъуэри, мыдрейр ешх - кьехъулIащ дунейр кьэзыкIухьа мыIэрысэм и хъуэпсапIэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩГЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIмыхьу Мариндж (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Жыласэ Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**

ДИЗЭЩАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъэуан - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэуэ Iуэхущ Iапэхэм ядзекъэшэмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуу зэнату щыткьыщ.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуаи.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м Щихабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iнат Iуэхэмкl э и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элл э, редактору Ширдий Мариндж, корректорхэр Щоджэн Инэ (1,2-нэ нап.), Табыш Динарэ (3,4-нэ нап.). *Компьютерхэм газетым и тепльэр ящIащ:* Щакlуэ Мадинэ, *суэрэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iнат Iэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгъэдзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.289● Заказ №1995